КъБР-м и спортсменхэм къэралым и щIыхьыр яIэт

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

I924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№163 (23.321) ● 2016 гъэм шыщхьэуIум (август)ым и 23, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Ю. А. республикэм исхэм йохъуэхъу Урысей Федерацэм и Къэрал ныпым и махуэмкIэ

КIуэкIуэ Юрий республикэм щыпсэухэм ехъуэхъуащ УФ-м и Къэрал ныпым и махуэмкIэ. «А гуфIэгъуэм зэрыщыту ди къэралыр зэкъуегъэувэ. Урысейм и ныпым щIэту Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэр екIуу хэтащ Рио-де-Жанейрэ иджыблагъэ щызэхуащIыжа XXXI Олимп джэгухэм. Урысей къэралыгъуэр нэхъри гъэбыдэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэнуц Къэрал Думэм хэтыныхэр мыгувэу зэрыхахынум. Шэч къытесхьэркъым республикэм исхэр абы жыджэру зэрыхэтынум икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым и зэпIэзэрытыныгъэр гъэбыдэным, абы социально-экономикэ зыужьныгъэр щIэгъэхуэбжьэным хуэгъэзауэ Iэ зэралэтынум. Псоми си гуапэу сохъуэхъу мамырыгъэрэ ефIэкIуэныгъэрэ яIэну, ди Хэкум и фIыгъуэр гъэбэгъуэнымкIэ екъулIэныгъэщIэхэр яIэну», - къыщыгъэлъэгъуащ хъуэхъум.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанэ.

● Дыгъуасэ

Къэбэрдей уэрамым и ухуэныгъэр къепщытэ

Налшык и Къэбэрдей уэрамыр зэрызэрагъэпэщыжым, абы щекIуэкI ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр здынэсам КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ зыщигъэгъуэзащ.

НАЛШЫК къалэ администрацэм и унафэщI Алэкъей Арсенрэ Iэхъум зи гуащIэ, мылъку хэзылъхьэхэмрэ я гъусэу КIуэкIуэ Юрий уэрамым тет унэхэр зэрызэрахьэм, зэрагъэщIэращIэм, лъэс лъагъуэхэр зэрытралъхьэм, «Победа» кинотеатрыр зэрызэрагъэпэщыжам, абы и гупэм щащI псыутхым, пэмыжыжьэу щаухуэ сабий джэгуплэхэм еплъри, ныкъусаныгъэу кIыльытэмрэ игу иримыхьахэмрэ яжриIащ. УхуакIуэхэрэкIуэм и Iэтащхьэм и чэнджэщхэр я лэжьыгъэм кIыщагъэсэбэныну къагъэгугъащ.

Къэбэрдей уэрамым тет унэхэм я теплъэр къанэ щымыIэу зэрагъэпэщыжащ. Псом хуэмыдэу уигу хагъахъуэ иджырей унэщIэхэмрэ нэхъапэм аухуахэмрэ зэкIуу зэращIам. Лъэс лъагъуэм и нэхъыбэр тралъхьэн аухащ, ауэ иджыри кIапэщылIыр мащIэкъым.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

Урысейм и турист дамыгъэр зэхэлъхьэным хуэгъэза цIыхубэ зэпеуэ

ТуризмэмкIэ федеральнэ агентствэм иригъэкIуэкI «Урысейм туризмэмкIэ и дамыгъэ» урысейпсо зэпеуэ зэIуха. Абы хэтыну гукъыдэж зиIэ псоми езыхэм я лэжьыгъэхэр (сурэту, апликацэу, кьинэмыщIу) конкурсыр езыгъэкIуэкI комиссэм хуагъэхь хъунущ 2016 гъэм фокIадэм и 1-м нэсыху.

ЛЭЖЬЫГЪЭ псоми дизайнир зи IэщIагъэхэр хэплъэнущ икIи конкурсым кIрикIуэхэм япкъ иткIэ нэхъыфIу къалъытахэр рекламэм, тыгъэ цIыкIуфэкIуэхэм, полиграфием кьыщагъэсэбэпынущ. НэхъыфIу кьалъытэ лэжьыгъэхэр зи IэдакъэщIэкIхэм саугъэт лъапIэхэр хуащIынущ.

Конкурсыр зэрекIуэкIынум щыгъуазэ зыщыфщI хъунущ ***www.турбрендроссии.рф***. сайтым.

Лэжьыгъэхэр егъэхьын хуейщ ***konkur@russtourissm.ru*** электрон пощтымкIэ.

КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и пресс-Iуэхущ Iанэ.

КIуэкIуэ Юрий урысей олимпийцхэм ехъуэхъуащ Рио-де-Жанейрэ екIуу зыкъыззрыщагъэлъэгъуам къыхэкIыу

«Instagram»-м щиIэ напэкIуэцIым щIыналъэм и унафэщIым къыщыхигъэщащ: «Ныжэбэ ихущ Рио-де-Жанейрэ щызэхэта XXXI Олимп джэгухэр. Ахэр екIуэкIащ зыми хуэбгьадэ мыхъуну текъуэзныгъэхэр ди къэралым къращIылIауэ. Бразилием утыку къыщихьэфакъым урысей спортсмени 110-рэ.

АБы щхьэкIэ къэмынэу, Урысейм и командэ къыхэхам ехъулIэныгъэ телъыджэхэр зыIэригъэхьащ. Псори зэхэту медаль 56-рэ, абыхэм ящыщу дыщэу 19, дыжьыну 18, жэзу 19 ди хэкуэгъуэхэм къахьащ икIи медалхэр кIэухыу къыщабжьыжьым еплIанэ увыпIэр яубыдащ. ТекIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ, къыщынэмыщIауэ, сехъуэхъуну сыхуейт и кIэм нэс бэнэныгъэ езыгъэкIуэкIахэм, ауэ хуэфэщэн пщIэ зымыгъуэтахэм. А джэгухэм хэта дэтхэнэ зыми пщIэ льагэ къелэжь.

Утыку къыхьэным и пэ къыхуэу, сэ телефонкIэ сепсэлъащ бэнэкIэ хуитымкIэ нэхъ хьэлъэ дыдэхэм я зэпеуэм хэт, дуней псом щэнейрэ и чемпион, Лондон щыIа Олимп джэгухэм дыжьын медалыр къыщызыхьа ди лъахэгъу Махуэ Билал. Ар зэхьэзэхуэм фIы дыдэу хуэщIат, арщхьэкIэ зыгуэр къэхъужауэ къыщIэкIынущ. Спортыр спортщ, икIи зыри шэсыпIэ иувэфынукъым кьигъэлъэгъуэнумкIэ. Си фIэщ мэхъу, Билал, саугъэт зыхуагъэфащэ увыпIэ къэзымыхьыфа адрей урысей спортсменхэми хуэдэу, иджыри мызэ-мытIэу наIуэ зэрытщищынур ар дуней псом зэрыщынэхъыфIыр икIи текIуэныгъэ инэр къызэрыпэплъэр».

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанэ.

Урысейм и ныпым и махуэр ягъэлъапIэ

ШыщхьэуIум и 22-м Урысей Федерацэм и ныпым и махуэр, ди къэралым и щIыпIэ куэдми хуэдэу, Налшыки щагъэлъэпIащ.

КъАЛЭН куэд щагъэзащIэ щIалэгъуалэ центрым и жэрдэмкIэ ХьэтIохъущокъуэ жыг хадэм зэпеуэ гъэщIэгъуэнхэр щрагъэкIэщ. Гупищу ягуэша ныбжьыщIэхэм къэралым и тхыдэм, ныпым и кьекIуэкIыкIам теухуа упщIэхэр кърагъэщIащ. Ди къэралым иIа ныпхэм, ахэр зэзэхъуэкIа пащтыхьхэм, Урысейм и япэ гимныр щатха гъэр, Петр I и тетыгъуэм ди къэралым ныпу иIам я бжыгъэр, нэгуэщI куэдми зыхагъэгъуэзащ къырихьэлIахэм. Шэч хэмылъу, а джэгукIэм хэта дэтхэнэми имыщIэ куэд кьищIащ, и зэфIэкIэрэ кьыщыштэжыну IэмалыфI иIащ.

Къалэн куэд щагъэзащIэ щIалэгъуалэ центрым и унафэщI Азубэч Азэмэт дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, дауэдапщэм и къалэн нэхъыщхьэр ныбжьыщIэхэм хэкупсэ гъэсэныгъэ яIэу къэгъэтэджынырц, къыщалъхуа къэралым и дамыгъэм и тхыдэр ирагъэщIэнырц. Зэпеуэхэр ихуа ижь, ныбжьыщIэхэм ХьэтIохъущокъуэ жыг хадэм къэралым и ныпыр яIыгъэуу къыщакIухьащ, ныпыр цIыкIуэхэр ягуэшащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Рио-де-Жанейрэ зыхуэугъурлахэр

Джэду Iэниуар

Бразилием щекIуэкIа XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгухэр вэсэжщ гуфIэгъуэ щытыкIэм иту зэхуащIыжащ. Къэралхэм официальнэу щымыт я зэпеуэм Урысей Федерацэм аргуэру еплIанэ увыпIэр щиубыдащ.

Дыщэ куэдым ефIэкIа дыжьын

Олимпиадэм и нужьрей махуитIым дэ дытемыпыIэжу дыпэплъащ бэнэкIэ хуитымкIэ ди щIалэхэр утыку къыщихьэным. Килограмм 74-м нэс зи хьэльагъэм я зэпеуэм хэт Европэм щэнейрэ и чемпион Джэду Iэниуар мэрем махуэм япэу и къихьэгъуэт. Ди республикэм и къалащхьэм щыIэ Зэгурыгъуэныгъэм и утымрэ къыщалъхуа Псыгуэнсу къуажэм дэт Спорткомплексымрэ телевизорышхуэхэр щагъэувауэ цIыху минхэр эфир занщIэкIэ ар зэрыбанэм кIэлъыплъыр.

Джэдуим япэу къыпэщIэхуа Абдурахманов Бекзод зэхьэзэхуэм урихыхьэну хьэрхуэрэгъу хъарзынэт. Iэниуар узбек щIалэм зэрелIэщIа щыIэкъым икIи 10:5-уэ текIуащ. Нэрылъагъут абы и кьарур зэрызэригъэзэхуэр икIи бэнэныгъэ нэхъ гуащIэхэр дяпкIэ къызэрыпэщылъыр кьыгурыIуэрт.

АдэкIэ, пасэу ирагъэкIуэкIа пхъэидзэм ипкъ иткIэ, Джэду Iэниуар пэщIэтын хуейт нэхъапэм къыхэзыгъэщIауэ щыта, 2012 гъэм Лондон щекIуэкIа Гъэмахуэ Олимп джэгухэм я чемпион, дуней псом щэнейрэ щытекIуа, Дунейпсо Кубокыр тIэунейрэ кьэзыхьа Барроуз Джордан. США-м и бэнакIуэр мы спорт лIэужьыгъуэм щынэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщ зыкъэ зэрыщытыр наIуэт. Джэду Iэниуаррэ абырэ я зэпэщIэтыныгъэм сыт хуэдэ зэхьэзэхуэм и кIэухыр игъэдэхэфынут. АрщхьэкIэ ахэр финалым и Iыхьэ плIанэм щызэхуэзат икIи тIум я зыр текIуэтын хуейт.

ЗэпэщIэтыныгъэр хуабжьу зэрыгуащIэнур япэ дакъикъэм къигъэлъэгъуащ. Барроуз къещхьэфуэну зыкъыщишэщIым, Джэдур абы едыркъри, алэрыбгъум ирихуащ. БэнакIуитIым я зэплъыкIэм уигъэшынэжыт, зыр адрейм Iэщ Iэкъуэ Iэну кьэпфIи гъэщIу. TIуми быдэу епсалъэщ икIи дагъуэ яхуищIри, судьям адэкIэ бэнэныгъэм пригъэщащ.

Iэниуар и ныкъуэкъуэгъу цIэрыIуэм кьыпимыкIуэт дэнэ кьэна, ар зэхэзехуэн ищIат. Джордан Iэнкун хъуати, нэхъыбэу зэпIалIэр зэрызихъумэжыныр. АрщхьэкIэ абы къеохьулIэр мащIэт. Хуэм-хуэмурэ Джэдур 3:0-у япэ щищам, текIуэныгъэр зэрыгъуэнгъэ дыдэр псоми зыхащIащ. Ауэ угуфIэну иджыри пасэIуэт. Ар наIуэ кьыщищIащ Барроуз. Абы и Олимп чемпионыгъэр фIырыфIкIэ игъэтIылъынутэкъым. Мис бжыгъэр 3:2 хъуащ. Къэнэжа секундхэр дыпIащIэурэ къыпыдоб жыкI. Iэниуари и кьарур къызэрихькIэ зиIыгъщ. Тху, плIы, щы, тIу, зы... текIуэныгъэ! Джэду Iэниуар хигъэщIащ дуней псом щэнейрэ щынэхъыфIа, Олимп чемпион Барроуз Джордан. Ар хуабжьу екъуэлIэныгъэшхуэщ, ауэ абдежми укъыщызэтеувыIэ хъунукъым.

Финалым хуэзышэ гъэгур Iэниуар хуабжьу къекъэлъэкIащ. Азербайджаным щыщ Гасанов Джэбрэил дунейм щынэхъ лъэщэм ящымыщми, Барроуз хуабжьу иригъэша Джэдур хигъэзыхьащ. ЗэIущIэм и япэ Iыхьэр щиухам ар 4:0-у япэ ищат.

БэнакIуэкIуэ куэд щыIэкъым апхуэдизу къефIэкIыу щIэзыдза и хьэрхуэрэгъур иужькIэ иригъэкIуэтыжыфу. Джэдур а зэкъуэтIакъуэм ящыщщ. КъыкIэлъыкIуэ дакъикъищым абы бжыгъэр 5:4-м нигъэсри, финалым хэтыну хуитыныгъэ кьихьащ. АрщхьэкIэ Гасановым къаруушхуэ дыдэ зэрыригъэкIуэдар нэрылъагъут. КьищынэмыщIауэ, Iэниуар и нэщIащэр зэгуэдауэ лъыр щIэх-щIэхьурэ ягъэувыIэн хуей хъурт.

КIуэх зэIущIэм зыхуигъэхьэзырыну Джэдум сыхьэт зытIущ иIэт. А зэманыр трагъэкIуэдащ игуэта фэбжьхэр, пIалъэкIэ нэхъ мыхъуми, ягъэундэрэщхъуэным. Ди дохутырхэм ар хъарзынэу яхуэзэфIэкIа хуэдэт.

Финалым къыщыпэщIэуа Язданишариати Хьэсэн Ираным щыщт. БэнэкIэм а къэралым ижь-ижьыж лъандэрэ гулъытэ хэха щегъуэт икIи абы япэ ирагъэщ спорт лIэужьыгъуэ щыIэкъым. Дауи, гурыIуэгъуэт а зэпэщIэтыныгъэр тынш зэрымыхъунур.

И къарур зэрыгъуэтыжауэ икIи и узыншагъэр мащIэу зэфIагъэувэжауэ Джэду Iэниуар кIэух зэIущIэм къихьащ. Абы кьыгурыIуэрт псынщIэ-псынщIэу и хьэрхуэрэгъур хигъэщIэн зэрыхуейр, армыхъумэ и фэбжьхэм зыкъэрагъэщIэнут. 6:0-у япэ щищам зы шэчи кьытетхьэжьыртэкъым адыгэ щIалэр чемпион зэрыхъунум. АрщхьэкIэ...

Фэбжьыр зыхуэзэ щыIпIэр зыIпIагъу Язданишариати зэрымыщIэкIэ хуэдэурэ абы жьэхуэурт. ИкIи лъым аргуэру кьыщригъэудыжащ. ЗэIущIэр зэпагъэури, дохутырхэм кьеджащ. Дыдейхэр Джэдум бгъэдагъэхьэртэкъым. Пасэу ягъэувэ хабзэмкIэ, утыку ит бэнакIуэхэм еIэзэр абы хухаха дохутырхэрщ. Зыкъомрэ елIалIэри, лъыр кьызэтрагъэвыIащ. Бэнэн щIадзэжри, аргуэрыжьт. Иджыри кьызэтрагъэувыIэн хуей хъуащ. Лъыр ямыгъуэвыIэмэ, зэIущIэр зэпагъэунурэ, хьэрхуэрэгъум текIуэныгъэр иратынут.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

XXXI Олимп джэгухэм къыщахьа медалхэр

(Гуп нэхъыфIипщIыр)

№	Къэралыр	Дыщэу	Дыжьыну	Жэзу	Псори
1.	США	46	37	38	121
2.	Великобритание	27	23	17	67
3.	Китай	26	18	26	70
4.	Урысей Федерацэ	19	18	19	56
5.	Германие	17	10	15	42
6.	Японие	12	8	21	41
7.	Франджы	10	18	14	42
8.	Корее	9	3	9	21
9.	Италие	8	12	8	28
10.	Австралие	8	11	10	29

Мамун Маргаритэрэ Кудрявцевэ Аннэрэ.

XXXI Олимп джэгухэр зэхуащIыж.

НОБЭ

♦**Урысейм и дзэ щIыхьым и махуэщ** - 1943 гъэм СССР-м и Дзэ Плъыжьым Курск и деж нэмыцэ-фашистыдзэр щызэтрикъуташ.

♦**ГъэрхэмкIэ сату щIыным хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ**

♦**Белоруссием щагъэлъапIэ Къэрал статистикэм и лэжьакIуэхэм я махуэр**

♦**1382 гъэм** Урысейм артиллерие дзэхэр кьыщызэрагъэпэщащ. Ар япэу къагъэсэбэпащ Тохъутэмыщ хъаныр Мэзкуу щытеуам щыгъуэ.

♦**1924 гъэм** Франджым «Монако» футбол клубыр кьыщызэрагъэпэщащ.

♦**1935 гъэм** Компартым и ЦК-м унафэ кьыщташ Кремлым и чэщанэхэм щхьитI зыфIэт бгъэхэр кьытехауэ вагъуэ кьуапитхуэхэр тегъэувэным теухуауэ. Абы пIалъэ пыуэкIаи хуагъэуват - щэкIуэгъуэм и 7-м ирихьэлIэу а лэжьыгъэр зэфIэкIауэ щытын хуейт.

♦**1939 гъэм** Iэ традзащ Молотовымрэ Риббентропрэ я зэгурыIуэныгъэм. Абы кьыщыгъэлъэгъуат Совет Союзымрэ Германиемрэ зыр адрейм темыуэным хуэунэтIауэ кьаIэн зыщащIыжхэр.

♦**1942 гъэм** нэмыцэ къухьлъатэхэм Сталинград «лагъым уэшх» щрагъэшхащ. Абдежым кьыщежьащ къалэр бийм щыхъумэным хуэунэтIа зауэшхэр.

♦**1943 гъэм** советыдзэхэм Харьков къалэр нэмыцэ-фашистыдзэхэм кьыIэщIагъэкIыжащ.

♦**1990 гъэм** Армян ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кьиштащ СССР-м кьызэрыхэкIыжым, езыр къэралыгъуэ щхьэхуэу зэрыщытым теухуауэ.

♦**1991 гъэм** Ельцин Борис кьыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, КПСС-м и лэжьыгъэмрэ «Правда» газетыр къыдэгъэкIынымрэ къэралым кьыщызэтрагъэувыIащ.

♦**1992 гъэм** ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиер Налшык кьыщызэрагъэпэщащ.

♦Урыс тхакIуэшхуэ **Грин Александрщ** (и цIэ-унэцIэ дыдэр Гриневский Александрщ) къызэралъхурэ илъэси 136-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткъ **Шортэн Даниткъ** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Пшынауэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м гъуэгъджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэпащ Iэ Заудин** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Уэчыл цIэрыIуэ, юридическэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Кучеренэ Анатолий** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 31-рэ, жэщым градус 17 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ФIым къимыхь Iейм къихьыркъым.

Урысей Федерацэм зэдзэууэ псым есынымрэ гандболымкІэ цІыхубзхэм я командэ къыхэхахэр.

Рио-де-Жанейрэ зыхуэугъурлахэр

Ди гимнастка щэджащэхэр.

Рамонов Сослъэн.

(КІэуэхыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

Дохутырхэр къелэзауэ къыщиухьэжам, Іэниуар лъыгъажэшхуэ хэтауэ фІэкІа пщІэнтэкъым. И нэхэр къыззрыщІэщ щымыІэу и щхьэри и щІэрри къепхэкІат.

Лыгъэу иІэр зэхилъхьэри, абы бэнэныгъэм тІыкІ зэпыт. Ираным щыщ бэнакІуэ а щытыкІэм нэхъри къытригъэгушхуэрт икІи хуэм-хуэмурэ бжыгъэр 6:4-м нэсащ. Къэнэжар секунд бжыгъэт.

Зи нэхэр къыщхьэрипхъуэ Джэду Іэниуар Ябданишариати Хьэсэн къызэщІуубыдащ. Аэр лІэн-къэнэну зоныкъуэкъу. ЗэІущІэр еух, ауэ абы зы мэскъалкІэ япэ иту перс щІалэм аргуэру очкоитІ судьям ирет.

Бжыгъэр 6:6 хъуащ. ЗэрытемыгъэкІуа хуэдэщ, арщхьэкІэ спорт бэнэкІэм езым и хабзэ иІэжщ: бжыгъэр щызэхуэдэм и деж иужьу очко къэзыхьар япэ ирагъэщ. А щыкІэм тету Ираным къикІам япэ увыпІэр лъысащ, ЛъыпсыР къызэпыжж Іэниуар къыІэрыхьар дыжьын медалращ, ауэ Іэщ1агъэлІхэми абы кІэлъыплъахэми къызэралъытамкІэ, ар дыщэ куэдым нэхъри нэхъ лъапІэщ.

- Дыжьынмэ, дыжьынщ, - и щхьэр къыхуэмыІэту жиІащ Джэду Іэниуар зэхьэзэхуэ нэужьым. - Уэзыр къысфІэІуэхутэкъым, си фэр изыхар щІэх-щІэхыурэ зэІущІэр къызэрагъэувыІэрт.

- Уи жьэпкъыр къызэщІубыдэу уи щхьэр щыфІапхыкІам, убзэфрэт?

- Дохутырхэм яжеСІат жиІэ зэрызмыгъэтыр. АрщхьэкІэ къызгурагъэІуащ, лъыр хьэхуэмыгъэувыІэмэ, зэІущІэр адэкІэ зэрыщымыІэнур. СлІот сщІэнур? Арэзы сыхьун хуей хьуащ. СыщыхьагъэцІар арауэ къызэпыкІтэ. ИпэжьипІэкІэ, сэ мы зэпэщІэтыныгъэр нэхъ пасэу езгъэхуэныу сыхущІэкъуащ, 10:0-у япэ сищу, ауэ къызэхъулІакъым.

- Уи хьэрхуэрэгъум ирата иужьрей очкоитІыр уфІэзахуэ, уз абы и лъакъуэр пІыгъащ.

- Судьяхэм нэхъ ящІэнщ.

- Барроуз уэзребэна щыкІэм тІэкІу утхутепсэлъыхьыфын?

- Абы мыхьэнэшхуэ иІэт. АрщхьэкІэ дыщэр зыІэрыхьари нэгъуэщІщ.

- Фэ тІур фызззауэ пэтащ.

- Барроуз занщІу сигъэшынэну и гугъащ. Сэри дыгъуасэкъым спортым сыщыхьихьар, хуэфащэ жэуап естын хуей хьуащ.

- Дыжьын медалыр уи Іэрыпхъэу Олимпиадэм уокІыж. Абы щхьэкІэ къэмынэу, утекІууэ, екъулІэныгъэ ин зыІэрыбГзэхьауэ къэпльитэркъэ?

- Сэ сыкъыздэкІуар дэнэми сщІэрт икІи си хьуэпсапІэр дыщэрат. АрщхьэкІэ гъащІэм сытри къыщохъу.

Джэду Іэниуар и лыгъэр здынэсыр дуней псом щалъэгъуащ. Абы хуэфащэу куэдым къалъытэ «УрысейМ и лЫхъужь» цІэр фІащыну, апхуэдизу псэемыблэжу къэралым и щыхьыр зэрихьурэм, екъулІэныгъэ ин къызэрихьам къыхэкІыу. Джэдум и бэнэкІэм ирипІейтейуэ кІэлъыплъахэм ящыщт Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий, дирижёр цІэрыІуэ Темыркъан Юрий, къэпщытакІуэхэри зэдзаразыт ди щІалэм абы екъулІэныгъэ зэрыщиІэнумкІэ. АрщхьэкІэ дызэримыгъГауэ Іэхуум зигъэзащ.

Килограмми 125-м нэс зи хьэпІагъхэм я зэпеуэм Махуэм хьэрхуэрэгъу къыщыхуэхьуа Засеев Алан Украинэм и цІэкІэ утыку къинхьат. Ар узыпэмыльащынхэм ящыщтэкъым. Апхуэдэу къилъытэу къыщІэкІынут езы Билали.

ЗэІущІэр зэрекІуэкІа дахьикъхьэм къриубыдэу гъкъыинэж хъуар иужь дыдэ секундхэращ. БэнакІуэхэр зэрызелъафэу утыкум итауэ аращ икІи жьыджэрагъ зэрыхэмылъым къыкъыІу Засеевым судьям дагъуэ тІэунейрэ къыхуищІри, очкоитІкІэ етхьэкъуащ. АбыкІэ, гугъу емыхьыщэу, текІуэныгъэр зыІэрызыгъэхьэну хэта Махуэ Билал хуабжьу бэлэрыгъащ. Ар хущІэкъуащ адрей зэІущІэхэм и кІаурр хуихъумэну, ауэ аэр щымыІэну къыщІидзыжащ. НэгъуэщІ хэкІыпІэ зимыІэж Засеевыр иужь дыдэ секундхэм къебгъэрыкІуащ икІи очкоитІ зэуэ къыфІихьащ. Бжыгъэр 2:2 зэрыхъуам къикІырт Махуэр къыпихауэ. АдэкІэ бэнэныгъэм къыхьыхьжу жэз медалым щІэбэнын папщІэ къыхэзыгъэщІа Засеевыр финалым кІуэн хуейт. Ар абы хуэмыгъэкъэруун Іэзхуугъуэт икІи къыкІэлъыкІуэ зэІущІэм ари къыщыхагъащІэри, зэгъусэу Олимпиадэр ябгьинащ.

Сыт пщІэн, Алыхь Іэмырщ. Махуэ Билал и насып хэлъу къыщІэкІынтэкъым Олимп джэгуэхэм щытекІуэну. ЯпэщІыкІэ щІэхъуэ кърахьэлІэри, ягъэкІуакъым. КъыкІэлъыкІуэм ещанэ уэвыпІэм фІэкІыфакъым. Иджыри къэхъуар псоми ди нэгу щІэкІащ. АрщхьэкІэ абдежым гъащІэр щиухыркъым. Хэт ищІэн, къыкІэлъыкІуэ Олимп джэгуэхэм ар хыхьэу и насыпыр зэтрихьауэ игъуэтыжынкІэ хъунщ. Езы Билали хуэдэу, хуейщ икІи зы мэскъалкІэ убэлэрыгъамэ, къанэ щымыІэу и гуащІэр псыхкІуадэ мэхъу.

Зыми ябзыщІыртэкъым Махуэ Билал бэнэкІэ хуитымкІэ ди къэралым и гугъапІэ нэхъыщхьэу Рио-де-Жанейрэ зэрыкІуэр. Іэщ1агъэлІхэри, бэнакІуэхэри, къэпщытакІуэхэри зэдзаразыт ди щІалэм абы екъулІэныгъэ зэрыщиІэнумкІэ. АрщхьэкІэ дызэримыгъГауэ Іэхуум зигъэзащ.

Килограмми 125-м нэс зи хьэпІагъхэм я зэпеуэм Махуэм хьэрхуэрэгъу къыщыхуэхьуа Засеев Алан Украинэм и щІэкІэ утыку къинхьат. Ар узыпэмыльащынхэм ящыщтэкъым. Апхуэдэу къилъытэу къыщІэкІынут езы Билали.

ЗэІущІэр зэрекІуэкІа дахьикъхьэм къриубыдэу гъкъыинэж хъуар иужь дыдэ секундхэращ. БэнакІуэхэр зэрызелъафэу утыкум итауэ аращ икІи жьыджэрагъ зэрыхэмылъым къыкъыІу Засеевым судьям дагъуэ тІэунейрэ къыхуищІри, очкоитІкІэ етхьэкъуащ. АбыкІэ, гугъу емыхьыщэу, текІуэныгъэр зыІэрызыгъэхьэну хэта Махуэ Билал хуабжьу бэлэрыгъащ. Ар хущІэкъуащ адрей зэІущІэхэм и кІаурр хуихъумэну, ауэ аэр щымыІэну къыщІидзыжащ. НэгъуэщІ хэкІыпІэ зимыІэж Засеевыр иужь дыдэ секундхэм къебгъэрыкІуащ икІи очкоитІ зэуэ къыфІихьащ. Бжыгъэр 2:2 зэрыхъуам къикІырт Махуэр къыпихауэ. АдэкІэ бэнэныгъэм къыхьыхьжу жэз медалым щІэбэнын папщІэ къыхэзыгъэщІа Засеевыр финалым кІуэн хуейт. Ар абы хуэмыгъэкъэруун Іэзхуугъуэт икІи къыкІэлъыкІуэ зэІущІэм ари къыщыхагъащІэри, зэгъусэу Олимпиадэр ябгьинащ.

Сыт пщІэн, Алыхь Іэмырщ. Махуэ Билал и насып хэлъу къыщІэкІынтэкъым Олимп джэгуэхэм щытекІуэну. ЯпэщІыкІэ щІэхъуэ кърахьэлІэри, ягъэкІуакъым. КъыкІэлъыкІуэм ещанэ уэвыпІэм фІэкІыфакъым. Иджыри къэхъуар псоми ди нэгу щІэкІащ. АрщхьэкІэ абдежым гъащІэр щиухыркъым. Хэт ищІэн, къыкІэлъыкІуэ Олимп джэгуэхэм ар хыхьэу и насыпыр зэтрихьауэ игъуэтыжынкІэ хъунщ. Езы Билали хуэдэу, куэдым ар я хъуэпсапІэщ.

Иужь махуэхэм къыдата дэрэжэгъуэр

Арати, щыщхьэуІуэм и 21-м Рио-де-Жанейрэ (Бразилием) щиухащ XXXI Гъэмахуэ Олимпиадэр. Ар зэрекІуэкІа махуэ 16 къриубыдэу медаль комплект 306-рэ ягъэджэгуащ. Абыхэм ящыщу Урысей Федерацэм къыпльасащ 56-рэ (дыщэу 19, дыжьыну 18, жэзу 19).

Ар, дауи, иджыри къэс ди къэралым иІа екъулІэныгъэ инхэм пхуегъэпщынукъым. НэхъыкІэу щыщІатар япэ дыдэу Олимп джэгуэхэм щыкІуа 1912 гъэращ. Абы щыгъуэм дыжьын медалу 2-рэ, жэзу 3-рэ къахуэхьауэ арат. АрщхьэкІэ Іэмал имыІэу къэлъытапхъэщ Рио-де-Жанейрэ щекІуэкІа Олимпиадэм ипэ кІихуэу Урысейм къращыпІа «допинг зауэм» и гуащІагъэр. Абы и зэранкІэ ди спортсмени 110-рэ Бразилием ягъэкІуакъым. Зэрыщыту льэныкъуэ ирагъэзащ атлетикэ зэхьэмрэ. АбыхэмкІэ медаль куэд ди къэралым сыт щыгъуэи зыІэригъэхьэу щытащ.

Апхуэдэу къекІуэкІа пэтми, Рио-де-Жанейрэ щыІа Олимпиадэм и ижь махуэхэм Урысей Федерацэм къыхуахьащ иджыри медаль 12 (дыщэу 7, дыжьыну 3, жэзу 2).

Олимп чемпион хъуахэщ ***псым зэдзууэ щесынымкІэ Урысейм и цІыхубз командэр.*** Абы хэта бзылъхугъэ 8-м ящыщхэу Ищенко Натальерэ Ромашинэ Светланэрэ Олимпиадэхэм къыщахьа дыщэ медалхэр Рио-де-Жанейрэ тхурытху щрагъэхьауащ.

Иджырей пятиборьемкІэ зэхьэзэхуэм псоми щефІэкІащ ***Лесун Александр.*** Абы къыпэпъэщын и хьэрхуэрэгъуэм къахэкІакъым.

Садулаев Абдулрашид Бразилием щекІуэкІыну Олимпиадэм кІуэну пасэу ябзыхуэхэм. ЩІэзт абы и къарур зды-нэсыр. ИкІи и дзыхь къэзыгъэзахэр абы игъэуКІатакъым - бэнэкІэ хуитымкІэ килограмм 86-м нэс зи хьэпІагъхэм я зэпеуэм абы къыпэхъуфын щыІакъым.

Художественнэ гимнастикэмкІэ зэхьэзэхуэхэм ди къэралым икІахэм сыт щыгъуи бжыпІэр куэд щІауэ яІыгъщ. Иджыри апхуэдэу къэхъуащ. ***Мамун Маргаритэ*** дыщэр зыІэригъэхьащ, ***Кудрявцевэ Аннэ*** абы къыкІэлъэкІуэ.

Лондон щекІуэкІа Олимпиадэмки дуней псомк и чемпион цІэр зезыхьэ Норвегием ***гандболымкІэ*** и цІыхубз командэр Рио-де-Жанейрэ щыхэзыгъэщІа ***ди пщащэхэм*** абы япэ увыпІэр къыщамыхьыныр гутехуэгъуейт. Трефиловым и унафэм щІэт ди командэ къыхэхам лъэкІ къигъэнакъым дыщэр зыІэригъэхьэн папщІэ икІи Франджым и спортсменкэхэм финалым щефІэкІри, пашэныгъэр зыІэрагъэхьащ.

Художественнэ гимнастикэмкІэ Урысей Федерацэм и цІыхубз командэм дыщэ медалхэр Бразилием къыщихьащ. Зэнакъуэкъуныгъэ гуащІэм ахэр Испанием икІахэм щефІэкІащ.

XXXI Гъэмахуэ Олимпиадэр Урысейм дыщэкІэ къыхуэзІуэхэри зэхуэзыщІыжари Кавказ Ищхъэрэм икІа спортсменхэращ. Мудрэн Беслъэн дзюдоист и ехъулІэныгъэм пэджжащ Осетие Ищхъэрэ-Аланием икІа ***Рамонов Сослъэн***. БэнэкІэ хуитымкІэ килограмм 65-м нэс зи хьэпІагъхэм я зэпеуэм абы ди къэралым и иужьрей дыщэр щызыІэригъэхьащ. Ар финалым щефІэкІащ Азербайджаным щыщ Асгаров Торгул.

Олимп лъагапІэм дэкІуеиныкъэ зымащІэ хуриКъужакъым ***Алоян Мишэ***. БоксымкІэ килограмм 52-м нэс зи хьэпІагъхэм я деж ар финалым балл бжыгъэкІэ къыщыхигъэщІащ Узбекистаным икІа Зоиров Шахобид.

Ди спортсменхэм ятемыухуэми, мы Олимпиадэм къыщыхъуа нэгъуэщІ зы Іэхуугъуэшхуи гулъытэнтэшу къэбгъанэ хъунукъым. ФутболымкІэ дуней псом тхуэнейрэ и чемпион (апхуэдэ зыхуэзфІэкІа нэгъуэщІ зыри щыІэкъым) Бразилием и командэ къыхэхам, зэи къэмыхъуауэ, Олимп джэгуэхэм я дыщэ медалхэр зыІэрагъэхьащ. КІэух зэІущІэм ахэр зэІущІэ нэужь пенальтихэмкІэ Германием и футболистхэм щефІэкІащ.

Рио-де-Жанейрэ щекІуэкІа XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгуэхэр гуфІэгъуэкІэ иухащ. Абы я тепщэныгъэр щагъэбыдащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я спортсменхэм. США-м икІахэм Бразилием ираш медали 121-рэ, Абыхэм ящыщу 46-р дыщэщ, 37-р дыжьынщ, 38-р жэзщ. Ар илъэсиплІ ипэкІэ Лондон щаІа екъулІэныгъэхэм йофІэкІыж (104, 46, 29, 29).

1912 гъэм къыщыщІэдзауэ Урысейм и спортсменхэр иджы етІуанэу (япэу 2012 гъэм) нэхъыфІищым яхэмыхьауэ аращ. Илъэси 104-рэ и пэкІэ Стокгольм япэу щызэхэта Олимп джэгуэхэм ахэр епщыкІуоханэ щыхъуат. ИужькІэ СССР-м блэнэрэ япэ увыпІэр иубыдащ, щэнейрэ етІуанэ хъуащ. Совет Союзыр лъэпъэжа и ужькІэ, Урысей Федерацэм икІахэм зэи бжьыпэр ямыубыдыфами, тІорытІэ етІуанэ, ещанэ увыпІэхэр къалъысат.

НэхъапэлъэкІэ щыІа Олимпиадэхэр зэбгъащІэмэ, ди спортсменхэм 1996 гъэм Атлантэ медаль 63-рэ къыщахьащ (26-21-16), Сидней - 89-рэ (32-28-29), Афины 92 (27-27-38), Пекин - 73 (23-21-29), Лондон - 82-рэ (24-25-33) 2004-гъэм ахэр япэ дыдэу ещанэ увыпІэм къекІуэтэхащ, 2012 гъэм еплІанэм къехащ, иджыри аращ.

Абы щыгъуэми Америкэм и Штат Зэгуэтхэр Олимпиадэ епщыкІубланэм щытокІуэ. Китайр етхуанэу зэкІэлъхьэужьу нэхъыфІищым хохьэ. Великобританиер 1920 гъэ лъандэрэ япэ дыдэу етІуанэщ.

КІуэ пэтми кІэроху ди спортсменхэм ящыщу иужьрей Олимпиадэхэм кІуэхэм я бжыгъэм. Къапщтэмэ, 2008 гъэм Пекин щыІащ 467-рэ, илъэсиплІ дэкІри, Лондон зыкъыщызыгъэлъэгъуар 432-рэщ. Иджы, допинг Іуэхури къыхьыхьэжри, Рио-де-Жанейрэ зыкъыщызыгъэлъэгъуэфар 288-рэщ (398-м ящІэкІэ).

Бразилием щекІуэкІа XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгуэхэм, Урысейм зэрыщыхабзэм хуэдэу, ди къэралым икІахэм къэдрэ нэхъыфІэхэм зыкъэмкІэ къакІэрыхуу ирагъэкІуэкІами, зэхьэзэхуэм и кІэух махуэхэм я медаль бжыгъэм хэпщІыкІыу кагъэхьэжащ. КъыкІэлъыкІуэ Олимпиадэр илъэсиплІ дэкІмэ, Токио (Японие) щекІуэкІынущ. Абыи ди хэкуэгъуэм екъулІэныгъэ инхэр зэрыщаІэнум шэч хэлъкъым.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Беслъэн и щапхъэфІыр

● ТекІуэныгъэ

**Ди газетым зэрытетащи, Бразилием и къалащхьэ Рио-де-Жанейрэ щекІуэкІа XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгуэхэм япэ махуэм къыщихьа екъулІэныгъэр щапхъэфІу щытащ, нэгъуэщІ текІуэныгъэхэри къаззрыпэплъэм хуэунэтІауэ яІа фІэщхьуныгъэми зэпщыкІыу хигъэхъащ. Дауи, Рио-де-Жанейрэ щекІуэкІа Олимпиадэм ягъэкІуа ди спортсмен псоми бэнэныгъэ гуащІэ къаззрыпэплъэр ящІэрт. Къэплъытэ хьунущ абыхэм псоми лыгъэ зэрахьауэ, щыуагъэ мащІэрэ зэщымыщхъуныгъэкІэ щагъэкъуэншэнкІэ хьуну зэпеуэ гуащІэхэм ягурэ я щхьэрэ зэтелъу зэрыкъэтам папщІэ. Мудрэн Беслъэн а зэхьэзэхуэхэм къыззрыщыкъэжаныкІам иригушхуэр ар къыщалъхуа икІи къыщыхъуа Бахьсэн щыналъэм, зэрыщыту къапщтэмэ, адыгэ лъэпкъым и закъуэкъым, атІэ республикэри, Кавказ Ищхъэрэри, Олимпиадэм ар зыгъэкІуа ди къэралышхуэ Урысей Федерацэри ирогапагэ. ПщІэжрэ, Беслъэн, мы илъэсым и пэщІэдзэм Сочэ щекІуэкІа зыгъэсэныгъэхэм УФ-м и Президент Путин Владимиррэ уэрэ фыщыщзэрихьэлІам зыкъыззрыпхуигъэзауэ щыта псалъэхэр: «КъызэрыщІэкІымкІэ, адыгэхэр (хъыжьэщ японхэм нэхърэ нэхъ бланэщ» жиІэу. Дауи, Беслъэн, уи екъулІэныгъэхэм я фІыщІэ хэлъщ узыпІа уи адэ-анэми, гъэсакІуэ-егъэджакІуэу уиІахэми. Ауэ, а псом кьадэкІуэу, уэ нэхъ къыпхуэщхьэпауэ къэслъытэр, дзюдом и Іэмал нэхъыфІхэм ухуэзыщыщ, тренер нэхъыжьу сытым щыгъуи къыбдекІуэкІа, 2004 гъэм Олимп джэгуэхэм жэз медаль къыщызыхьа Тау Хьэсэнбий узыхуигъэсарагъэнущ.

Иужьрей псалъэхэр здыжиІэм, КъБР-м и Іэтащхьэм утыку къриша щІалитІым адыгэ пІэ зырыз ящхьэриптІащ, Налшык къалэкъум пэшиплІ хъу фэтэрым и сертификатымрэ Мерседес GL автомашинэм и ІункІыбзэІухымрэ чемпионым зэрыритыр, Тау Хьэсэнбий «Тойота Камри» автомашинэ тыгъэ зэрыхуищІыр къыхигъэщащ.

А махуэм и къыкІэлъыкІуэ Іузэгуъэу щытар Мудрэныр къыщыкъуа Бахьсэн къалэм зэрырагъэблагъэжащ. Беслъэнрэ абы и гъэсакІуэ Тау Хьэсэнбийрэ зрагъэтІысха кабриолет гъужьыр къызэхэлыдыкІ авточыРэр Бахьсэн къалэ щыдэлъадэм адыгэшхэм тес шууейэр я пащхьэ къихутащ...

Районым исхэр къахьхьэж я лъахэгъу цІэрыІуэм зэрыщыгуфІыкІам и зы щапхъэу щытащ гъуэгум и кІыхьагъкІэ, Щэнхабзэмкіэ унэм нэсыхь, лъэныкъуэтІымкІи щиувыкІа цІыхухэм нэшхуэгушхуагъэ ину къагъэлъэгъуари, фІэкъуэ гуапэ мыухыжэмкІэ зыкъыззрыхуагъэзари. Бахьсэн къалэ и утыку нэхъыщхьэм щекІуэкІа гуфІэгъуэ зэІущІэм щызэхуэсахэт къалэдзсхэри, гъунэгъу къуажэхэм къикІахэри, чемпионым и адэ-анэри, и Іыхьлыхэри. А щІыпІэм щызэхаша пэкІум и кІэухым республикэм фІыуэ къыщаІыху артистхэм концерт щатащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.
Сурэтхэр
Холлаевэ Марзият *трихащ.*

Мудрэн Беслъэнрэ абы и гъэсакІуэ пажэ Тау Хьэсэнбийрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу цыху псоми къабгъэдэкІыу сыныводхьуэхъу! - жиІащ **КІуэкІуэ Юрий**, езыр щылажьэ пэшым щышэу, утыкум ириша щІалэхэм защыхуигъаззм. Сэ къызэрыслъытэмкІэ, Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хагъэхьа спортсмен псоми я дежкІэ Беслъэн япэ махуэм къыщихьа екъулІэныгъэр щапхъэфІу щытащ, нэгъуэщІ текІуэныгъэхэри къаззрыпэплъэм хуэунэтІауэ яІа фІэщхьуныгъэми зэпщыкІыу хигъэхъащ. Дауи, Рио-де-Жанейрэ щекІуэкІа Олимпиадэм ягъэкІуа ди спортсмен псоми бэнэныгъэ гуащІэ къаззрыпэплъэр ящІэрт. Къэплъытэ хьунущ абыхэм псоми лыгъэ зэрахьауэ, щыуагъэ мащІэрэ зэщымыщхъуныгъэкІэ щагъэкъуэншэнкІэ хьуну зэпеуэ гуащІэхэм ягурэ я щхьэрэ зэтелъу зэрыкъэтам папщІэ. Мудрэн Беслъэн а зэхьэзэхуэхэм къыззрыщыкъэжаныкІам иригушхуэр ар къыщалъхуа икІи къыщыхъуа Бахьсэн щыналъэм, зэрыщыту къапщтэмэ, адыгэ лъэпкъым и закъуэкъым, атІэ республикэри, Кавказ Ищхъэрэри, Олимпиадэм ар зыгъэкІуа ди къэралышхуэ Урысей Федерацэри ирогапагэ. ПщІэжрэ, Беслъэн, мы илъэсым и пэщІэдзэм Сочэ щекІуэкІа зыгъэсэныгъэхэм УФ-м и Президент Путин Владимиррэ уэрэ фыщыщзэрихьэлІам зыкъыззрыпхуигъэзауэ щыта псалъэхэр: «КъызэрыщІэкІымкІэ, адыгэхэр (хъыжьэщ японхэм нэхърэ нэхъ бланэщ» жиІэу. Дауи, Беслъэн, уи екъулІэныгъэхэм я фІыщІэ хэлъщ узыпІа уи адэ-анэми, гъэсакІуэ-егъэджакІуэу уиІахэми. Ауэ, а псом кьадэкІуэу, уэ нэхъ къыпхуэщхьэпауэ къэслъытэр, дзюдом и Іэмал нэхъыфІхэм ухуэзыщыщ, тренер нэхъыжьу сытым щыгъуи къыбдекІуэкІа, 2004 гъэм Олимп джэгуэхэм жэз медаль къыщызыхьа Тау Хьэсэнбий узыхуигъэсарагъэнущ.

Иужьрей псалъэхэр здыжиІэм, КъБР-м и Іэтащхьэм утыку къриша щІалитІым адыгэ пІэ зырыз ящхьэриптІащ, Налшык къалэкъум пэшиплІ хъу фэтэрым и сертификатымрэ Мерседес GL автомашинэм и ІункІыбзэІухымрэ чемпионым зэрыритыр, Тау Хьэсэнбий «Тойота Камри» автомашинэ тыгъэ зэрыхуищІыр къыхигъэщащ.

А махуэм и къыкІэлъыкІуэ Іузэгуъэу щытар Мудрэныр къыщыкъуа Бахьсэн къалэм зэрырагъэблагъэжащ. Беслъэнрэ абы и гъэсакІуэ Тау Хьэсэнбийрэ зрагъэтІысха кабриолет гъужьыр къызэхэлыдыкІ авточыРэр Бахьсэн къалэ щыдэлъадэм адыгэшхэм тес шууейэр я пащхьэ къихутащ...

Районым исхэр къахьхьэж я лъахэгъу цІэрыІуэм зэрыщыгуфІыкІам и зы щапхъэу щытащ гъуэгум и кІыхьагъкІэ, Щэнхабзэмкіэ унэм нэсыхь, лъэныкъуэтІымкІи щиувыкІа цІыхухэм нэшхуэгушхуагъэ ину къагъэлъэгъуари, фІэкъуэ гуапэ мыухыжэмкІэ зыкъыззрыхуагъэзари. Бахьсэн къалэ и утыку нэхъыщхьэм щекІуэкІа гуфІэгъуэ зэІущІэм щызэхуэсахэт къалэдзсхэри, гъунэгъу къуажэхэм къикІахэри, чемпионым и адэ-анэри, и Іыхьлыхэри. А щІыпІэм щызэхаша пэкІум и кІэухым республикэм фІыуэ къыщаІыху артистхэм концерт щатащ.

Садулаев Абдулрашид

Лесун Александр

Мудрэн Беслъэн кърагъэблэгъэжащ.

Япэ итахэр

Куба къуажэм и къекІуэкІыкІам гъуджэм хуэдэу къощыж дызытета псэукІэм фІыуэ хэлъа псори

ХьэтІохъуэщокъуэ зэкъуэшхэм къахэкІыу, XVIII лІэщІыгъуэм и кІэуухэм, Балъкъ Іуфэ ІутІысхьа Хьэсэнбий пІалъэ кІэщІым жылэшхуэ зэригъэпэщащ - и жьауэм щІигъэувэну къигъэгугъэри, Агубчей (Абгузчей). Тажджэ хьэблэхэр, нэгъуэщІхэри зыпигъэтІысхьат. Аращ иджыпей Куба хъужри.

ПСОРИ хъарзынэ хуэдэт - цІыхухэр лажьэрт, шхэжьрт. АрщхьэкІэ зэІумыбз щхьэусыгъуэзэр (ахэр иджыри къэс зэмыщхуу къаІуатэ) къыкъуэкІри, къуажэм цІэ зрита пщыр Тыркум Іэпхъуэн хуей хъущ. Мис абы иужькІэ мыбы щыпсэугъуэй хъуащ.

Куэдым я щхьэр ирахьэжьрт щІыпІэ-щІыпІэхэм щыІыщІэу я унагъуэхэр зыхэпсэукІын гуэр къалэжьын папщІэ. Къулейсызхэр сыт щыгъуи арэзыкъым. Арауэ ящыщІыкІыщ кІуажэдэсхэм я нэхъыбэм Октябрь революцэр щыдаІыбгар. Плыжьхэм я телъхъэу зэуэн папщІэ, зыкъомыр хьыкащ Шыкуэ зэкъуэшхэм къызэрагъэпэща гупым. Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор Іулыдж Іустырхэан зэрыжиІэмкІэ, аращ къызытепщыкІар Шыкуэ Мырзэбэч зи унафэщІ хъуа полкыр. Мырзэбэч Къармэхьэбл я дежь къыщаукІа иужь, абы и пІэ иуващ и къуэш ТІуатІ. Дзэм Кавминводхэри, ди лъахэм и щІыпІэ зыбжани, ди гъунэгъу щІынальэхэм ящыщи хуит къыщІыжауэ щытащ. Совет властыр зэфІэува иужь къэунэхуа Бгырыс АССР-м, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар къильытакъым: дыдейжм ящыщу республикэм и унафэщІхэм хагъэхьар мащІэ дыдэщ, Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ я зауэлІхэм апхуэдизэ зэфІагъэкІа пэтми. Абы щыгъуэми, тепщэ хуэхэзэр зыхуэщІэкъуар ди лъахэм Іэмал зэриІэкІэ нэхъыбэ Іыхьнырт. Ар ягу техуакъым революцэм хэлІыфІыхьахэм, ревкомым и унафэщІ, Куба къыщалъхуа икІи къыщыхъуа Къалмыкъ БетІал я пашэу, Іуэху къаІэтащ Бгырыс АССР-м къыхэкІыжьным теухуауэ. 1921 гъэм фокІадэм и 1-м ВЦИК-м унафэ къищтащ щхьэхуэу щыт Къэбэрдей автоном областыр къызэгъэпэщыным теухуауэ. А псори иджыпсту дигу къыщІэдгъэкІыжыр Куба къуажэм и цІыхухэр я Іуэхухэм жыджэру хэтащи аращ .

Граждан зауэр иуха иужь къуажэр псэукІэщІэм сыт и лъэныкъуэкІи хэзгъащ. Куба щыщхэм лІыгъэшхуэ щыз эрахьащ Хэку зауэшхуэм. Абыхэм ящыщу пІІыр ягъэлъэгъуат «Совет Союзым и ЛІыхъужь» цІэр къыфІащыну, арщхьэкІэ щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм я зэранкІэ къэнащ (дэ мы Іуэхум щхьэтечу зэкІэ я гугъу щІэдмыщІыр абы-хэм ятеухуа тхыгъэ щхьэхуэ дгъэхьэзырыну ди мурадщи аращ).

Зауэ нэжьыр къэплъытэ хъунущ Куба къуажэр псом хуэмыдэу лъэ быдзкІэ щІэзэфІэува лъэхъэнэу. 1944 гъэм, райцентр хъуа иужь, мыбы щаухуащ ГЭС мыин, сымаджщ дэгъуэ, школлышхуэ. Псом хуэмыдэу щыгугфІыкІащ гидроэлектростанцым. Иджы кубадэсхэмрэ абы къегъэщыпІа жылэхэм щыпсэухэмрэ я унэхэри, уэрамхэри жэщкІэ нэхут - пкъо къэс уэздыгъэ щыфІэдзат. Абы и закъуэтэкъым: «Неволька» зыфІаща псым щыщ щІагъэлъадэрт жыгхэм, налогыр трахыжа иужь, ди гъунэгъу щынальэхэм ящыщи хуит къыщІыжауэ щытащ. Совет властыр зэфІэува иужь къэунэхуа Бгырыс АССР-м, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар къильытакъым: дыдейжм ящыщу республикэм и унафэщІхэм хагъэхьар мащІэ дыдэщ, Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ я зауэлІхэм апхуэдизэ зэфІагъэкІа пэтми. Абы щыгъуэми, тепщэ хуэхэзэр зыхуэщІэкъуар ди лъахэм Іэмал зэриІэкІэ нэхъыбэ Іыхьнырт. Ар ягу техуакъым революцэм хэлІыфІыхьахэм, ревкомым и унафэщІ, Куба къыщалъхуа Къалмыкъ БетІал я пашэу, Іуэху къаІэтащ Бгырыс АССР-м къыхэкІыжьным теухуауэ. 1921 гъэм фокІадэм и 1-м ВЦИК-м унафэ къищтащ щхьэхуэу щыт Къэбэрдей автоном областыр къызэгъэпэщыным теухуауэ. А псори иджыпсту дигу къыщІэдгъэкІыжыр Куба къуажэм и цІыхухэр я Іуэхухэм жыджэру хэтащи аращ .

Мыбдежым щыжьІэн хуейщ ВКП(б)-м и апІэкомым и апэ секретару Мэлбахьэу Тимборэ хаха иужь Куба къуажэм и щынапІэм хыхьэ адрей жылагъэхэми лъэщу заужьу зэрыухуежьар. Ауэрэ хозяйствитІыр зы ящыжа иужь колхоз тхьэмадэ хъущ къызэрэпэщакІуэ Іэзэ Къалмыкъ Лылэ (ар ящыщт апхуэдэ ІэнатІэм пэрагъуэва парт, совет лэжьакІуэхэу мин 25-м). ТхьэмадэщІэм и фІыгъэкІэ ухуэныгъэ инхэр екІуэкІащ, абыхэм я Іэужьхэр иджыри уолъагъу. Уеблэмэ, къуажэ пхыдзам езым и промышленность иІэж хъуат: абы и гупэм къит бжьэпэр ятІагъуэти, чырбыщрэ кхъуащІнрэ щагъэж ІуэхуцІапІэхэр къыщызэІуахат. Кубар ипэкІэ кІуатэрт.

Мы жылэр сыт щыгъуи цІыху жьыджэрхэмкІэ, зэфІэкІышхуэ зыбгъэдалъхэмкІэ зэрыкъулейр дэ нэхъапэхэми къыхэдгъэщащ. Ар ехьэлІат гъащІэм и нэгъуэщІ ІэнатІэхэми. Псалъэм и хьэтыркІэ, щэнхабзэм, гъуэзджэм. Псом япэ игъащІэм хуейр, дауи, XIX лІэщІыгъуэм псоуа, Кавказ псом щыцІэрыІуэу щытА, узэщІакІуэ ГъуэзджэХьэтІэхъущокъуэ Къазийщ. Абы, псоми зэрыгщІэщи, ятІэ адыгэ алфавитыр зэхилъхьащ, нартхэм ятеуху хуэбархэр Тифлис къыщыдигъэкІащ, Лермонтов Михаил и поэмэ зыбжанэ зэридзэкІащ. Совет лъэхъэнэм абы и лъэужьым ирикІуащ къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъахэм ящыщ, Мэкъуу щІэныгъэ ищхьэ щыззззыгъэгъэуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и унафэщІу щыта Пщынокъуэ Абдул (ди жагъуэ зэрыхъущи, и гъащІэр политикэ залымыгъэм ихьащ).

Куба къуажэм ущытепсэлъыхькІэ, «япэ» псалъэр къэдгъэсэбэпын хуей мэхъу. Къапщтэмэ, япэ адыгэ архитектор щІалэ дыдэу цІэрыІуэ хъуа Къалмыкъ Фёдор, «Сосрыкъуэ» ресторан дахэм и унэм и проект телъыджэр зыщІар. Къэбэрдейхэм я мызакъуэу, адыгэ псоми ящыщу, Арктикэми абы нэхърэ нэхъ жьжьэж Антарктидэми зи лъэр нэзыхьэсхэр икІи щылажьар географие щІэныгъэхэм я кандидат, Кавказ Ищхьэрэм географие зэгухьэныгъэ къыщыззэзыгъэпэщащхэм ящыщ Бажэ Альбертщ. Дыщэжкі Іэмэпсымэхэр гъэхьэзырыным хуэІэзэ Шыкуэ Анатолэ ищІа къамэхэр нэгъуэщІ къэралгъэм къикІ хьэщІэхэм тыгъэ хуащІу щытащ. Иджы абыхэм ящыщхэр щахъумэ Лондон, нэгъуэщІ Европей къэралгъэм дэт музейхэм. Адыгэ бзылъхугъэхэм щыяпэу 1960 гъэм «Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь» цІэ лъапІэр къыфІащащ Пащты Салимэ.

Апхуэдэу къэдгъэлъэгъуэнщ 1957 гъэм ЩІалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я дунейпсо фестивалу Мэкъуу щекІуэкІам Куба къуажэм и художественнэ самодеятельностри зэрагъэкІуаеу щытар.

Зэманми ди псэукІэми зихъуэжами, иджыри кубадэсхэр зэрыгушхуэн яІэщ. Сурэтыщ Іэжу Пащты Германрэ абы и къуэ Пащтхъанрэ дунейм щыщІэрыІуэ зыхъахэщ. Республикэр куэдкІэ щогугъ Іэпщэрызауэ спортымкІэ дунеймиЕвропэми я чемпион хъуа Бесльэней Нурмухьэмэд. Апхуэдэу зэфІэкІышхуэ зыбгъэдъэлъ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа нэгъуэщІ щыхуэхэри къыдэкІащ мы къуажэм.

ШАЛ Мухьэмэд.

● Мэшыкъуэ-2016

Іулъхьэм пэщІэтыну къыхураджэ

«Коррупцэм текІуэфыр щІыхухэращ» фІэщыгъэм щІэт зэІущІэ «Мэшыкъуэ-2016» щІалэгъуалэ зэхьхьэм хэтхэм ядригъэкІуэкІащ Урысейпсо щыхубэ фронтым и лІыкІуэ, «За честные закупки» проектыр Ставрополь краймкъыщыззэзыгъэпэщ Гридин Алексей.

НЫБЖЬЫЩІЭХЭР проектым щыгъуазэ ищІа иужькІэ, я ехъулІэныгъэхэми ар къытеувыІащ. Къапщтэмэ, 2015 гъэм и фокІадэ мазэм ирагъэжьа мы Іуэхур къырал аухъэр гъэпцІагъэкІэ зэрызэкІэщІаупщІэ Іэмалхэр къыщІэгъэщыным, къулыкъу зыІыгъэр мылькум щысхьу, хуэсакъыу егъэсэным хуэунэтІащ.

Илъэс иримыкъу пІалъэм проектым зэригъэпэща цІыхубэ кІэлъыплъакІуэхэм (минитхум ноблагъэ) Іэмал зэмылІэужьыгъуэхэр къагъэсэбэпкІэрэ коррупцэм йобэн. Абыхэм я фІыгъэкІэ Урысейпсо цІыхубэ фронтым хэтхэм сом мелард зыбжанэ къэралым хуахъумащ.

Проектым фІагъэшу кІишахэм ящыщщ къэрал къулыкъу зезыхьэхэм къащэку хъуну автомобилхэм я уасэр зэраубзыхуар, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэм трагъэкІуадэ хъунуахъшэр пыухыкІаеу зэрагъэувар.

- «За честные закупки» проектым ипкъ иткІэ къэрал аппаратым хэтхэм дакІэлъыплъыну Іэмалыфі диІэщ. Мыхьэнэшхуэ зиІэ а Іуэхум псори фІыхэтыну фыкъхьыхуэздж,» - захуигъэзащ къызэхуэсахэм Гридин Алексей.

«Мэшыкъуэ-2016» щІалэгъуалэ зэхьхьэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● ЩІэблэ

Узыншагъэм хуаущий

Физкультурэмрэ спортымрэ гъащІэм и зы Іыхьэщ. Мы гъэм илъэс 77-рэ ирокъу Физкультурникым и махуэр гъэлъэпІэн зэрыщІадзэрэ. СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1980 гъэм къищта унафэм ипкъ иткІэ Физкультурникым и етІуанэ щэбэтым ягъэлъапІэ.

УРЫСЕЙ МВД-м Щэрэдж щІынальэмкІэ и къудамэм и лэжьакІуэхэмрэ ІэнатІэм и деж щыІэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэм и къуэдзэ Ольмезов Къубдийрэ мы махуэм теухуауэ ирагъэкІэкІащ «Зарядка со стражем порядка» зэхьхьэр. Къапщтэмэ, урысейпсо Іуэхум и зы Іыхьэу аращ Пэрэдж щІынальэм щекІуэкІар, мураду зыхуагъэуэвыжыр гъащІэ узыншэм нэхъри зегъэубгъунырщ.

Полицейхэм Къэщхъэтау дэт стадионым щыззэхуэса ныбжьыщІэхэм ирагъэлъэгъуащ упражненэ зэмылІэужьыгъуэхэр, пльыр-пост къулыкъум и лэжьакІуэхэм - зэрызэпхъумэжьыдыкум и Іэмалхэр. ЩІэблэри зэрымыхуэмыхум и щыхьэту метр 60 къажащ, иужьым полицейхэмрэ абыхэмрэ футбол щІыкІумкІэ зэдзэджэгуащ.

ХьэщІэхэм ныбжьыщІэхэр хуаущиящ уи Іэпкъльэпкъым зегъэужьынымкІэ спортым мыхьэнэуэ иІэм.

- Дэ тхуэзэфІэкІ къэдгъанэркъым ныбжьыщІэхэм физическэ щэнхабзэр фІыуэ едгъэлъагъун папщІэ, ар гъащІэм къаззрыщыхуэщхьэпэнур къыдгуроІуэри, - къыхиГъэщащ Жылагъуэ советым и тхьэмадэм и къуэдзэм.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкі э министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Абы дегъэпІейтей

Щхьэ унафэншэ дыхъуа?

ПщІэ зыхуэсщІ «Адыгэ псалъэ» газетыр къэзгъэсэбэпу сытепсэлъыхьыну сыхуейт къалэдэсхэм ящыщ куэд зыгъэпІейтей Іуэхугъуэм. Ар зэпхар лъэрысысыгъуэхэмрэ машинэ зезыхуэхэмрэ зыр адрейм зэран хуэмыхъуу, шынагъуэншэу къаКІухьныирщ.

СЭ ЧЭРИМ МУХЬЭ3 и цІэр зезыхьэ уэрамым (ящэм «9 января»-уэ щытащ) сыщопсэу. А уэрамым иІэкъым щІыхуэр шынагъуэншэу щызэкІуэн лъэс лъагъуэ, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, абы тес унагъуэхэм ящыщ куэдым щхьэж и куэбжэпэм хуэкІуэ щыпІэр зэрыхуейуэ къеГъэсэбэп, лъэс лъагъуэ зДИІэпхъэ щыпІэм и деж гъуэгур зэхуэзыщІыжьыпаи щыІэщ. Апхуэдэу гугъу дехьу къыщыткІуэ уэрамым машинэ зэмылІэужьыгъуэ куэд щызэблож икІи, жьпІэнурамэ, ди псэр дзапэкІэ тІыгъыу дыщызокІуэ. Псом хуэмыдэу ар къатохьэлъэ сабийхэмрэ зи ныбжьыр хэкІуэтахэмрэ.

Іуэхур апхуэдэу хъууэ, лъэсырызекІуэхэри машинэхэри зы гъуэгум дыкъыщытехутэм, «ди щхьэрэ ди сабийрэ дэ дымыкъумэжмэ, зыми дыкъэфІэІуэхунукъым» жьытІэри, уэрамым тес унагъуэхэр дызэгурыІуэри, абы зэпрыууэ тредгъэлъхьащ асфальтым къыхэщІыкІа Іуащхьэ цІыкІуэхэм хуэдэ, машинэхэр нэхъ хуэму зекІуэн щхьэкІэ. «Шы зыгъэут нэху тещхьэрэкъым» жьхуиІэм хуэдэу, мо ди гум мащІэу жьы дихужа къудейуэ, «къалэ советым дыкъигъэкІуащ» жаІэри тракторкІэ псынщІэу трагъэхьжащ. Аращи, зэрыщыта дыдэм хуэдэу иджьпсту машинэхэр абы щызэблож псынщІэ дыдэу, щыблэжкІэ, я жьым урихьжьэным хуэдэу. Машинэ зэжьхэуэхэри щІэхщІэхыурэ къыщохьу апхуэдэ щытыкІэ зиІэ ди уэрамым.

Гугъущэ драгъэхь тпэмыжьжьэу яухуа «Автозапчасть»-тыкуэным къыІулъадэ машинэхэми. А тыкуэным Іухьэ-къыІукІыжхэр лъэс лъагъуэ зиІэн хуеят щыІпэмкІэ ирожэри, итІанэщ гъуэгушхуэм щытехьэжьыр. Убэлэрыгъамэ, занщІэу уапІытІынущ абыхэм. Апхуэдэ тыкуэнхэр къыщыщІэІуахкІэ, лъэсырызекІуэмрэ машинэхэмрэ я зэблэкІыкІэ хъунум щхьэ емыгупсысрэ унафэщІхэр?

Зи гугъу сщІы уэрамым езым метр зытхух хуэдизщ и бгъуагъыр. Апхуэдизу зи бгъузагъ гъуэгум машинэ мин бжьыгъэкІэ тебутІыпщхьэн хуейуэ хэт апхуэдэ унафэ зыщІар? Абы фІы кІишэркъым. Къапщтэмэ, Репиным и цІэр зехьхьэ уэрамым къикІыу Чэримым и цІэр зезыхьэ уэрамым къытемыхьэфу, «фура»-кІэ зэджэ машинэшхуэм зыкъыхуэмыгъэшу машинэ цІыкІу гуэрым жьэхэуащ, абы инэкІэ нэгъуэщІ машинэ псынщІэ цІыкІу «ГАЗель»-м жьэхэуэри щхьэпридзащ. Ахэр цІыхухэм яжьэхэуэным иІэжа щыІэкъым. Апхуэдэ щапхъэхэр, ди жагъуэ зэрыхъущи, гъунэжщ...

Зи гугъу сщІы Іуэхугъуэ мыщхьэпэхэм хуэдэ, дауи, щыщыІэщ къалэм и нэгъуэщІ уэрамхэми. Пъэс лъагъуэхэр зехьэнымрэ абыхэм я тепльэхэр зэрыщытыпхъэмрэ къэрал унафэм щІэкІауэ къыщыдохьу. Уней лъапсэм хиубыдэ щІы метр бжьыгъэ куэбжэпэм къильыр зыхуэдизын хуейр убзыхуауэ щхьэ щымытрэ? Нэхъ къулейм и куэбжэпэр гъуэгу дыдэм нэс къехьхьри, плиткэ лъапІэ трелъхьэ, хэт нэхъ лъагэ, адрейми нэхъ лъахъшэ ещІ а щІыпІэ тІэкІуР. ЖыпІэнурамэ, машинэхэр щызежэ гъуэгум утемыхьэу къыщыпкІухьыжьыфыркъым ди уэрам цІыкІухэм я нэхъыбэм.

ИгъащІэми лъэс лъагъуэхэр щытащ я лъагагъкІи я бгъуагъкІи зэхуэдэу укъуэдияуэ ирикІуу. Къалэм и архитектор нэхъыщхьэм и арэзыныгъэ хэмылъу уэрамым зы плиткэ зыми ирилъхьэну хуитакъым. Унафэ щхьэхуэ щымыІэу уеблэмэ зы жыгги хасэу щытакъым.

ЩыІэжкъэ уэрамхэм я хуэныгъэм кІэлъыплъ къэрал ІэнатІэ? Ди уэрамым хуэдэхэм ГИБДД-м щигъэувын хуэмейуэ пІэрэ машинэхэм къызэражьыхьэпхъэ псынщІагъэр къыщыгъэлъэгъуэ дамыгъэхэр? Мыпхуэдизу щхьэ гугъу драгъэхьэ сабийхэри, зи ныбжь хэкІуэтахэри, зи узыншагъэм сэкъат иІэхэри, зи бын щыкІуэхэр коляскэкІэ къеэшыжкІ анэхэри - лъэсырызекІуэ псори? Щхьэ унафэншэ дыхъуа?

МЭКЪУАУЭ Іэмырбий,
пэжыгъэм и ветеран.
Налшык къалэ

ДыщІэгуфІэр куэдщ, дызэгупсысыни ди мащІэкъым

Ди газетым зэрытетащи, дирижёр щІэрыІуэхэу Темыркъанэ Борисрэ Юрийрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и хэщІапІэм щаІущІащ Тыркум, Израилым, Ставрополь краймрэ Осетие Ищхьэрэ-Алание республикэм и Мэздэгу районым щыщхэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Горный родник» санаторэм зыщызыгъэпсэху ныбжьыщІэхэм. Ар иригъэкІуэкІащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

- АДЭЖЬ щыналъэм ныбжьыщІэхэр фыкъэзыгъэкІуа фи адэ-анэхэми гупхэм фи гъусэ нэхъыжьхэми Тхьэр арэзы къахухуу! Адыгэ дыщыІэІущІэкІэ адыгэбзэкІэ псори дызэгурыІуэну си гуапэщ. НэгъуэщІ щыналъэхэм щыпсэухэм я дежкІэ ар мытынщми, дэтхэнэ зы адыгэми ди бзэр тхьумэну, зэдгъэщІэну ди къалэнщ. Дэнэ щыІпІи щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ди бзэр яІурылъын хуейщ. Абы кьыдэкІуэу ди къэралыбзэри - урысыбзэр - фщІэну зэранкъым, - жиІащ Сэхъурокъуэ Хьэутий. - Нэхъыбэу адыгэхэр щыпсэу Тыркумрэ Урысеймрэ пІалъэкІэ зэщыІеями, иджы зэфІ дыхъужащ. Апхуэдэ нэщхьеягъуэ дяпэкІэ дымыльагъу Тхьэм жиІэ. Мелуан бжьыгъэкІэ ди къуэшхэр, ди щыпхъуэхэр зэрыс Тыркум къикІыурэ щыхуейм дежь лъагэунльагъу къэкІуэжьныр е адэжь Хэкур псэупІэ яхуэхъужьныр куэд и уасэщ. Апхуэдэуи ди еджапІэ нэхъыщхьэхэми щІэныгъэ щызырагъэгъуэтыну ди гуапэщ. Адыгэр дызэкІэлъыкІуэн, дызэрыльытэн, дызэрыІыгъын хуейщ.

Сэхъурокъуэм ныбжьыщІэхэм Темыркъан зэкъуэшхэр щагурэщІыхуэм жиІащ абыхэм адыгэм и щІэр дунейм псом зэрыщІэтар, дирижёр щІэрыІуэхэр фІыуэ къызэралъагъур, Борис КъБР-м и симфоние оркестрым и пашэу, Юрий Санкт-Петербург дэт къэрал филармонием и художественнэ унафэщІ икІи къэрал куэдым щыпашэ оркестрхэм я тхьэмадэу зэрылажьэр.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмада, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфІыщІэ Мухьэмэд** къыхигъащІ кІуэ пэтми адыгэбзэр зэрыкІуэдыжьыр и жагъуэ зэрыхъур икІи япэу адэжь щыналъэм къакІуэжа ныбжьыщІэхэр къыхуриджащІ адыгэбзэр, ди лъэпкъ къафэхэр зрагъэщІэну, Хэкур фІыуэ яльагъуну, ди цІыху пажэхэр зрагъэцІыжыну. Апхуэдэу Мухьэмэд и гупэу къыхигъащащ Израиилым и адыгэ къужжитІым - Кфар-Камэрэ Ритхьэниерэ - щыпсэухэм анэдэлъхубзэр зэраІурылъыр, я уэрамхэм я фІэщыгъэхэр я анэдэлъхубзэкІэ зэратхыр уэзэрыгушхуэ хъун Іуэху дахэу зэрыщытыр.

- Хэкум исхэр куэдкІэ дызыщыгугъыр адыгэхэр нэхъыбэу щыпсэу Тыркум щыІэхэрщ. Ахэр мелуаниблрэ ныкъуэрэ хъуми, ди жагъуэ зэрыхъунщи, адыгэбзэр зыщІэжьр нэхъыжьхэращ. Араущи, щІэблэр фыкъыхуэзоджэ дяпэкІэ фыкъэушыну, адэжь щыналъэмкІэ нэхъ фыкъэплъэну, - жиІащ ХьэфІыщІэм. - Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм ди къалэн нэхъыщхьэр зыщ - хамэ я къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр зэкъуэту, дэнэ щыпІи щыІэ адыгэм лей къытедмыгъэхьэным къарурэ зэфІэкІыу диІэр етхьэхьэлІэныращ. ХэкумкІэ зигу, зи псэ щыІэхэм фи бжыгъэр Тхьэм игъэбагъуэ.

НыбжьыщІэхэм зэрыжаІамкІэ, яэныкъуэхэм къахуихуат нэхъапэкІи Налшык къэкІуну, ауэ нэхъыбэм япэу адэжь Хэкур зрагъэльагъуу аращ. Абыхэм къыхагъащащ Налшык зэрыщыхьэщІэр хуабжьу зэрагуапэр, дяпэкІи адэжь Хэкум къеблэгъэну, ди лъэпкъ хабзэхэм, къафэхэм, псэукІэм зыхагъэгъуэзэну зэрамурадыр.

- Кавказым и мызакъуэу, дуней псом щыпсэу лъэпкъхэм ди адыгэ хабзэр, фащэр щапхъэ яхуэхъуащ. Бзэ зимыІэ лъэпкъыр мэкІуэдыж. Адыгэм ди бзэр, ди хабзэр, ди фащэр тхьумэну, абыхэм гулъытэ яхуэтщІыну, ди блэкІар, ди тхыдэр дджыну ди къалэнщ, - жиІащ **Темыркъан Юрий**.

- ЩІэблэм адыгэбзэр зрагъэщІэну нэхъыжьхэм къызэрыхуевджэр хуабжьу си гуапэщ. НыбжьыщІэхэм я анэдэлъхубзэр яджьныжьмкІэ дэри дадоІэпкъыж. Абы и лъэныкъуэкІэ адэжь щыналъэм зэрыщыІэр яхуэхъущхьэпэну къызолъытэ, - жиІащ КъБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныжьмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі э и управленэм и Іэтащхьэ **Кіурашин Анзор**.

Тыркум, Израилым, Ставрополь краймрэ Осетие Ищхьэрэ-Алание республикэм я лІыкІуэхэм я нэхъыжьхэм фІыщІэ хуащІащ адэжь щыналъэм къезыгъэблэгъахэм, абы зыщІезыгъэплъыхьахэм икІи къыхуащІащ я щІэлэм адыгэбзэр ирагъэщІэну зэрыхуащІэкъур, Хэкум къызэрыкІуар зэрагуапэр.

Сэхъурокъуэ Хьэутий Темыркъан Юрий тыгъэ хуищІащ СССР-м, РСФСР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм я цІыхубэ тхакІуэ Мэшбащ Іэ Исхьэкъ том тІощІ хьууэ иджыблагъэ къыдигъэкІа и тхыльхэр, апхуэдэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм къыбгъэдэкІ щІыхь тхьпІымрэ медалымрэ иратащ. Сэхъурокъуэм фІыщІэ яхуищІащ нэгъуэщІ щыпІэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэ ныбжьыщІэхэм ди щІыналъэм зыщІагъэпсэхуным ехьэлІа Іуэхур къыззэзыгъэпэщащэм.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ нэгъуэщІ щыпІэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъу ныбжьыщІэхэм етІанэгъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызыщІагъэпсэхуным, ди лъэпкъэгъу ныбжьыщІэхэм ятІанэгъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызыщІагъэпсэхуным ехьэлІа Іуэхур къыззэзыгъэпэщащэм.

Ди газетым зэрыщІэтащи, Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я щІэныгъэ щызырагъэгъуэтыну ди гуапэщ. Адыгэр дызэкІэлъыкІуэн, дызэрыльытэн, дызэрыІыгъын хуейщ.

Ди лъэпкъэгъуэхэм я щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и унафэщІу щыта Пщынокъуэ Абдул (ди жагъуэ зэрыхъущи, и гъащІэр политикэ залымыгъэм ихьащ).

Куба къуажэм ущытепсэлъыхькІэ, «япэ» псалъэр къэдгъэсэбэпын хуей мэхъу. Къапщтэмэ, япэ адыгэ архитектор щІалэ дыдэу цІэрыІуэ хъуа Къалмыкъ Фёдор, «Сосрыкъуэ» ресторан дахэм и унэм и проект телъыджэр зыщІар. Къэбэрдейхэм я мызакъуэу, адыгэ псоми ящыщу, Арктикэми абы нэхърэ нэхъ жьжьэж Антарктидэми зи лъэр нэзыхьэсхэр икІи щылажьар географие щІэныгъэхэм я кандидат, Кавказ Ищхьэрэм географие зэгухьэныгъэ къыщыззэзыгъэпэщащхэм ящыщ Бажэ Альбертщ. Дыщэжкі Іэмэпсымэхэр гъэхьэзырыным хуэІэзэ Шыкуэ Анатолэ ищІа къамэхэр нэгъуэщІ къэралгъэм къикІ хьэщІэхэм тыгъэ хуащІу щытащ. Иджы абыхэм ящыщхэр щахъумэ Лондон, нэгъуэщІ Европей къэралгъэм дэт музейхэм. Адыгэ бзылъхугъэхэм щыяпэу 1960 гъэм «Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь» цІэ лъапІэр къыфІащащ Пащты Салимэ.

Апхуэдэу къэдгъэлъэгъуэнщ 1957 гъэм ЩІалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я дунейпсо фестивалу Мэкъуу щекІуэкІам Куба къуажэм и художественнэ самодеятельностри зэрагъэкІуаеу щытар.

Зэманми ди псэукІэми зихъуэжами, иджыри кубадэсхэр зэрыгушхуэн яІэщ. Сурэтыщ Іэжу Пащты Германрэ абы и къуэ Пащтхъанрэ дунейм щыщІэрыІуэ зыхъахэщ. Республикэр куэдкІэ щогугъ Іэпщэрызауэ спортымкІэ дунеймиЕвропэми я чемпион хъуа Бесльэней Нурмухьэмэд. Апхуэдэу зэфІэкІышхуэ зыбгъэдъэлъ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа нэгъуэщІ щыхуэхэри къыдэкІащ мы къуажэм.

ШАЛ Мухьэмэд.

КЪУНЫЖЬ Жаннэ:

Фащэм лъэпкъым и хьэлыр къыжеІэ

● Ди псэлъэгъухэр

КъБР-м щыщ дизайнер, модельер Къуныжь Жаннэ игъэхьзыращ «Meotida» зыфІищэ фащэ коллекцэр. Абы и гъэлъэгъуэныгъэр фокІадэм, Налшык и махуэм ирихьэлІыщ, екІуэкІынущ. Псыхуабэ дэт Кавказ-Ищхьэрэ университетым и студентым къыдиІуэтыпІащ иджырей адыгэ модэм теухуауэ и гупсысхэр.

- «Meotida» коллекцэм уелэжьыным сытым укъыхуигъэуша?

- Си лъэпкъым и блэкІам. Сэ зэпымыууэ содж ди тхыдэр, щэнхабзэр, къыздекІуэкІ хабзэхэр. Нэгъабэ Сэралъп Мадинэ и деж практикэ сыщыІащ. Адыгэ хьэлкІэ псыхьэ абы и Іуэхущ ІапІэ дахэм сыщыкІэлъыплъащ куэдым - абыи куэдым сыкъыхуигъэушащ. Нэгъабэ, фокІадэм и 1-м екІуэкІауэ шытащ дизайнерхэм я лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. Абы щыгъуэ къэслъэгъуащ республикэм я Іэщіагъэм хуэІэзэ цІыху куэд зэрэІэ. Сэри нэхъри сытегушхуат си зэфІэкІ селпыжьыным.

- Дэтхэнэ дизайнерми есым и къэгъэщІыкІэ, нэгъуэщІу жыпІэмэ «хъэт», иІэжщ. Ууейр сыт хуэдэ?

- Стилизацэ жьыхуэтІэрагъэнущ сэ си хъэтІыр. ДэпкІи зыгуэр здыну иужь сихьэмэ, адыгэ фащэм ижь зыщІихуащ кьэзгупсысынур. Ар щыгъи лъэпкъым и хъэлыр кьэзыІуатэ гупсысэ щІэщыгъуэ гуэр, нэгъуэщІхэм къамыгъэлъэгъуэ хэлъу. Сыхуейщ ар, махуэшхуэ къудейхэр мыхъуу, махуэ кьэс щатІагъэ хъун щыгъэну щытыну. Абы папщІэ декоративно-прикладной гъэздэжьм и Іэмал псори кьэзгъэсэбэлыну сыхуущІэкъунущ. Псалъэм папщІэ, хэдыкІын щыгъуэ мыхъуу, батиккІэ дызэджэ Іэмалри - щэкІым Іэкіэ тхыпхъэ тещІыхьынныр.

- Уи коллекцием и фІэщыгъэр дзэ къыпха?

- Кэудрэ сегупсысащ абы фІэсщынум, «сыту пІэрэ нэщІысауэ си лэжьыгъэм и купщІэм кьэзыгъэпэсэгъэнуу» жысІэу Тхьилъ кэуд седжащ, ди тхыдэр щІэзджыкІыжащ. «Meotida»-м сыкъытеувыІащ. Адыгэр дыкъэзыгъэхуКІа мэуэтхэм хуэгъэзащ ар. Абыи кьыщымынэу, Іуэзв тенджызым алыджэхэмрэ урымхэмрэ пасэм апхэуэдэу еджэу щытащ. А Іуэхугъуэри иджыри зэ щыхьэт техъуэу си гугъэщ дунейпсо тхыдэм ди лъэпкъым щиІыгъ увыпІэм и куугъым.

- Уи лэжьыгъэр и кІэм нэбгъэсыным сыт хуэдиз зэман текІуэда?

- Илъэс ныкъуэ хуэдиз. ХэдыкІыным зэманышхуэ текІуадэ. Ящэ щІыкІэ тхыпхэр къэзгуфІащ, итІанэ ар щэкІым тесщІыхьащ.

- Модэм теухуауэ нэхъапэм сыт хуэдэ гупсысэхэр уиІэу щыта? Ар Іэщіагъэу къыхэпхыным щхьэусыгъуэ хуэхъуар сыт?

- Ар жьыжь къыщежьащ - си сабиигъэм. СыщыщыкІым гуащэ къысхущащхут куэдрэ, ауэ абыхэм зэи сриджэгуртэкъым. Сахуэдэу арат. Зэрыджэгу хьэпшыпутэкъым ахэр кьыззэрыслъытэр, атІэ дакІуэ-бзакІуэм и нэкІэ сеплъырт. Езы гуащэхэм щыгъын зэхъуэкІ я гъусэ пэтми, сэ ехуэздырт ящыстІагъэр. Абдежым къыщежьауэ си гугъэщ.

- СызэрыщыгъуэзэмкІэ, дизайнер лэжьыгъэм къыдэкІуэу, щыгъын гъэлъэгъуэныгъэхэм моделу ущыхэт щыІэщ. А Іэщіагъитіым дэтхэнэр нэхъ уи гуныгъу?

- Нэгъабэ сыхэтащ «Мисс КБР» зэпеуэм. Абы ипэкІэ щыгъынхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэм сыхэтт, республикэм и дизайнерхэм я лэжьыгъэхэм суэт щытрахкІэ, сымоделыт. Апхуэдэу сыдэлэжьащ «Си Фо» журналым. Иджыпсту Іэщіагъэм теухуауэ си гугъэур убзыхуэ хъуауэ си гугъэщ: Іэщіагъитіым яхэдэ жыпІэмэ – модельерыр кьыхэсхьнущ.

- Щыгъыным и дизайнерыр фІы дыдэу зыхищІыкІын хуейуэ къэпльытэр сыт хуэдэ Іуэхугъуэхэра? Езым и щхэу гуэрхэр къыщигъэсэбэпу къыщІэкІынщ и лэжьыгъэм...

- Ящэрауэ, ид щыгъыным и тхыдэм нэсу зыщІигъэгъуэзэн хуейщ. КІэлъплъпхъэщ нэхъыбэм цІыхухэм зыщІыгъуэ щытамрэ зэзыхъуэжамрэ. ЕтІуанэрауэ, щыгъыным и теплъэ къэбгупсысым мыхьэнэ гуэр къыкІыпхъэу си гугъэщ. ЩІэ гуэр къыщыбгъэщІкІи абы и тхыдэр плъытэн хуейщ - Іэмал имыІэу абы гупсысэ гуэр хэлъынущи, абы и купщІэр къэгъэнэныр сфІэтэмэщ. Ещанэрауэ, зы унэтІыныгъэ зэкъуэм утеджьхьу укъытенэ хьунукъым. Сэ, псалъэм папщІэ, адыгэ теплъэ зиІэ фащэхэм сыдахьэхьу селэжь пэтми, европей щІыкІэм и щэхуэхэри содж. Зыр адрейм зэран хуэхъуркъым.

- УэрэплъымкІэ, дизайнерыр икІи дакІуэу щыпын хуейр хьэмэрэ къэгупсысын къудейра а Іэщіагъэм хьыхьэ?

- Пэжщ, дизайнерым и кьалэным дэныр хьыхьэркъым. Ауэ щыхъукІи, зэрабзэрауІэм и Іэмалхэр имыщІэуи хьунукъым. ДакІуэр кьрата эскизым тету мэлажьэ, зыщІыпІэ дэж зэхуэмыкІуэ щыІэми, ар кьуанщэ хьунукъым. Нэхъыбэр зэпытар дизайнерырщ. Кьапщтэмэ, Іэщіагъэм пэрыувагъащІэ дизайнерым имыІэнкІи хъунщ абы кьигупсыс фэилъхьэгъуэзэр зригъэдыкІ. Араущи, куэдыр езыхэр икІи мадэ. Сэри сыдэу кьыщІэздзащ.

- Дизайнер-модельерыр Іэмал имыІэу а Іэщіагъэм хуеджакуэ щытын хуей хьэмэрэ езым зигъэсэжами хьунущ?

- Нэхъыщхьэр гукъыдэжкІ хууиІэныгъ. Шанель дунейпсо модэм зригъэхьуэжьифащ, абдежкІэ Іэщіагъэ имыІэ пэтми.

- Уи Іэщіагъэм фІыуэ хэлъхэмрэ и ныкъусэныгъэхэмкІэ къыддэгуашэ.

- ГукІи псэкІи сфІэфІщ си Іэщіагъэр. Ауэ зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым си лэжьыгъэм пэрыувагъащІэ дизайнерым имыІэнкІи хъунщ абы кьигупсыс фэилъхьэгъуэзэр зригъэдыкІ. Араущи, куэдыр езыхэр икІи мадэ. Сэри сыдэу кьыщІэздзащ.

- Дизайнер-модельерыр Іэмал имыІэу а Іэщіагъэм хуеджакуэ щытын хуей хьэмэрэ езым зигъэсэжами хьунущ?

- Нэхъыщхьэр гукъыдэжкІ хууиІэныгъ. Шанель дунейпсо модэм зригъэхьуэжьифащ, абдежкІэ Іэщіагъэ имыІэ пэтми.

- Уи Іэщіагъэм фІыуэ хэлъхэмрэ и ныкъусэныгъэхэмкІэ къыддэгуашэ.

- ГукІи псэкІи сфІэфІщ си Іэщіагъэр. Ауэ зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым си лэжьыгъэм пэрыувагъащІэ дизайнерым ящыгъынкІи хъунщ абы кьигупсыс фэилъхьэгъуэзэр зригъэдыкІ. Адыгэр дыкъэзыстехъуКІа мэуэтхэм хуэгъэзащ ар. Абыи кьыщымынэу, Іуэзв тенджызым алыджэхэмрэ урымхэмрэ пасэм апхуэдэу еджэу щытащ. А Іуэхугъуэри иджыри зэ щыхьэт техъуэу си гугъэщ дунейпсо тхыдэм ди лъэпкъым щиІыгъ увыпІэм и куугъым.

- Уи лэжьыгъэр и кІэм нэбгъэсыным сыт хуэдиз зэман текІуэда?

- Илъэс ныкъуэ хуэдиз. ХэдыкІыным зэманышхуэ текІуадэ. Ящэ щІыкІэ тхыпхэр къэзгуфІащ, итІанэ ар щэкІым тесщІыхьащ.

- Модэм теухуауэ нэхъапэм сыт хуэдэ гупсысэхэр уиІэу щыта? Ар Іэщіагъэу къыхэпхыным щхьэусыгъуэ хуэхъуар сыт?

- Ар жьыжь къыщежьащ - си сабиигъэм. СыщыщыкІым гуащэ къысхущащхут куэдрэ, ауэ абыхэм зэи сриджэгуртэкъым. Сахуэдэу арат. Зэрыджэгу хьэпшыпутэкъым ахэр кьыззэрыслъытэр, атІэ дакІуэ-бзакІуэм и нэкІэ сеплъырт. Езы гуащэхэм щыгъын зэхъуэкІ я гъусэ пэтми, сэ ехуэздырт ящыстІагъэр. Абдежым къыщежьауэ си гугъэщ.

- СызэрыщыгъуэзэмкІэ, дизайнер лэжьыгъэм къыдэкІуэу, щыгъын гъэлъэгъуэныгъэхэм моделу ущыхэт щыІэщ. А Іэщіагъитіым дэтхэнэр нэхъ уи гуныгъу?

- Нэгъабэ сыхэтащ «Мисс КБР» зэпеуэм. Абы ипэкІэ щыгъынхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэм сыхэтт, республикэм и дизайнерхэм я лэжьыгъэхэм суэт щытрахкІэ, сымоделыт. Апхуэдэу сыдэлэжьащ «Си Фо» журналым. Иджыпсту Іэщіагъэм теухуауэ си гугъэур убзыхуэ хъуауэ си гугъэщ: Іэщіагъитіым яхэдэ жыпІэмэ – модельерыр кьыхэсхьнущ.

- Щыгъыным и дизайнерыр фІы дыдэу зыхищІыкІын хуейуэ къэпльытэр сыт хуэдэ Іуэхугъуэхэра? Езым и щхэу гуэрхэр къыщигъэсэбэпу къыщІэкІынщ и лэжьыгъэм...

- Ящэрауэ, ид щыгъыным и тхыдэм нэсу зыщІигъэгъуэзэн хуейщ. КІэлъплъпхъэщ нэхъыбэм цІыхухэм зыщІыгъуэ щытамрэ зэзыхъуэжамрэ. ЕтІуанэрауэ, щыгъыным и теплъэ къэбгупсысым мыхьэнэ гуэр къыкІыпхъэу си гугъэщ. ЩІэ гуэр къыщыбгъэщІкІи абы и тхыдэр плъытэн хуейщ - Іэмал имыІэу абы гупсысэ гуэр хэлъынущи, абы и купщІэр къэгъэнэныр сфІэтэмэщ. Ещанэрауэ, зы унэтІыныгъэ зэкъуэм утеджьхьу укъытенэ хьунукъым. Сэ, псалъэм папщІэ, адыгэ теплъэ зиІэ фащэхэм сыдахьэхьу селэжь пэтми, европей щІыкІэм и щэхуэхэри содж. Зыр адрейм зэран хуэхъуркъым.

- УэрэплъымкІэ, дизайнерыр икІи дакІуэу щыпын хуей хьэмэрэ къэгупсысын къудейра а Іэщіагъэм хьыхьэ?

- Пэжщ, дизайнерым и кьалэным дэныр хьыхьэркъым. Ауэ щыхъукІи, зэрабзэрауІэм и Іэмалхэр имыщІэуи хьунукъым. ДакІуэр кьрата эскизым тету мэлажьэ, зыщІыпІэ дэж зэхуэмыкІуэ щыІэми, ар кьуанщэ хьунукъым. Нэхъыбэр зэпытар дизайнерырщ. Кьапщтэмэ, Іэщіагъэм пэрыувагъащІэ дизайнерым имыІэнкІи хъунщ абы кьигупсыс фэилъхьэгъуэзэр зригъэдыкІ. Араущи, куэдыр езыхэр икІи мадэ. Сэри сыдэу кьыщІэздзащ.

- Дизайнер-модельерыр Іэмал имыІэу а Іэщіагъэм хуеджакуэ щытын хуей хьэмэрэ езым зигъэсэжами хьунущ?

- Нэхъыщхьэр гукъыдэжкІ хууиІэныгъ. Шанель дунейпсо модэм зригъэхьуэжьифащ, абдежкІэ Іэщіагъэ имыІэ пэтми.

- Уи Іэщіагъэм фІыуэ хэлъхэмрэ и ныкъусэныгъэхэмкІэ къыддэгуашэ.

- ГукІи псэкІи сфІэфІщ си Іэщіагъэр. Ауэ зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым си лэжьыгъэм пэрыувагъащІэ дизайнерым ящыгъынкІи хъунщ абы кьигупсыс фэилъхьэгъуэзэр зригъэдыкІ. Адыгэр дыкъэзыстехъуКІа мэуэтхэм хуэгъэзащ ар. Абыи кьыщымынэу, Іуэзв тенджызым алыджэхэмрэ урымхэмрэ пасэм апхуэдэу еджэу щытащ. А Іуэхугъуэри иджыри зэ щыхьэт техъуэу си гугъэщ дунейпсо тхыдэм ди лъэпкъым щиІыгъ увыпІэм и куугъым.

- Уи лэжьыгъэр и кІэм нэбгъэсыным сыт хуэдиз зэман текІуэда?

- Илъэс ныкъуэ хуэдиз. ХэдыкІыным зэманышхуэ текІуадэ. Ящэ щІыкІэ тхыпхэр къэзгуфІащ, итІанэ ар щэкІым тесщІыхьащ.

- Модэм теухуауэ нэхъапэм сыт хуэдэ гупсысэхэр уиІэу щыта? Ар Іэщіагъэу къыхэпхыным щхьэусыгъуэ хуэхъуар сыт?

- Ар жьыжь къыщежьащ - си сабиигъэм. СыщыщыкІым гуащэ къысхущащхут куэдрэ, ауэ абыхэм зэи сриджэгуртэкъым. Сахуэдэу арат. Зэрыджэгу хьэпшыпутэкъым ахэр кьыззэрыслъытэр, атІэ дакІуэ-бзакІуэм и нэкІэ сеплъырт. Езы гуащэхэм щыгъын зэхъуэкІ я гъусэ пэтми, сэ ехуэздырт ящыстІагъэр. Абдежым къыщежьауэ си гугъэщ.

- СызэрыщыгъуэзэмкІэ, дизайнер лэжьыгъэм къыдэкІуэу, щыгъын гъэлъэгъуэныгъэхэм моделу ущыхэт щыІэщ. А Іэщіагъитіым дэтхэнэр нэхъ уи гуныгъу?

- Нэгъабэ сыхэтащ «Мисс КБР» зэпеуэм. Абы ипэкІэ щыгъынхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэм сыхэтт, республикэм и дизайнерхэм я лэжьыгъэхэм суэт щытрахкІэ, сымоделыт. Апхуэдэу сыдэлэжьащ «Си Фо» журналым. Иджыпсту Іэщіагъэм теухуауэ си гугъэур убзыхуэ хъуауэ си гугъэщ: Іэщіагъитіым яхэдэ жыпІэмэ – модельерыр кьыхэсхьнущ.

Фэеплъхэм къытхуаІуэтэж

● ГъэщІэгъуэнщ



Емельяненкэ Надеждэ жеІэ «Победа» кинотеатрым тет «Танцующая пара» скульптурэри Молодожанин Леонид зэриІэдакъэщІэкІыр. Ар пэжыныгъ, сыту жыпІэмэ фэеплъхэр зытращІыкІахэм ящыщ Атэлыкъ Жанусэ («Кабардинка» ансамблым и яп э гупым хэтащ) и гукъэкІыжхэм кьыхощ: «Асльэнджэрийрэ сэрэ лъэпкъ фащэкэр тщыгъуу Налшык кьалэ и Затишье районым скульптторхэм суэтхэр щытращІыкІауэ щытащ. Зым и унэцІэр Молодожанинт, адрейм - Василенкэ. Ар 1935 гъэрщ е 1936-рщ» («Газета Юга» № 13, 2000 гъэ).

Жанусэ зи гугъу ищІа Василенкэ скульпторыр хэтми, сыт хуэдэ лэжьыгъэ фэеплъхэм ирихьэлІами зэкІэ дыщыгъуазэкъым. Ауэ шэн зыхэмылъыжраци, «Танцующая пара» фэеплъ Молодожанин Леонид и ІэдакъэщІэкІщ.

Мы скульптор ныбжьыщІэм мыхьэнэ зиІэ лэжьыгъэ куэд зэман кІэщІым къытхуигъэнэну хуэзфІэкІащ. Арщхьэкіэ, абыхэм я нэхъыбэр ямбэ къытхуэхъуэрыкъым, тхуэмыхъуэмаи щыІэ. Псалъэм папщІэ, «Пастух с ягнёнком» и скульптурэр щІэжжкъым. Ауэ нэгъуэщІ скульпторым ищІауэ, щынэ цІыкІу зыІыгъ Іэщіыхьуэм и фэеплъыр кьалэ бэзэр дыхьэпІэм щытщІи, Молодожанинным зригъэщхьауэ пІэрэ жыІоІэ.

КОТЛЯРОВ Виктор.

КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ Тхьэгъэлэдж Светланэ илъэс куэд хъуауэ утыкур егъэбжьыфІэ.

● Гъуазджэ

Ерыщагъым къахуихьа ехъулІэныгъэ

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) – «Зенит-2» (Санкт-Петербург) – 1:0 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. Щыщхьэуіум и 21-м. ЦІыху 4000 еплъащ.

Судьяхэр: Матюнин (Мэзкуу), Петросян (Волгоград), Бирюлин (Ярославль).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Семёнов (Кузнецов, 80), Марченко, Тебэрды, Дашаев, Войнов (Мэкъуауэ, 89), Мухьэммэд (Багъэтыр, 55), Ахриев (Крамаренкэ, 78), Дроздов, Бажэ, Гугуев.

«Зенит-2»: Бабурин, Мустафин (Долгов, 67), Карпов, Мильдзихов, Черков, Зуев, Костин, Камышев (Иванович, 46), Бавин, Гасилин (Евсеев, 82).

Топыр дигъэкІащ Крамаренкэ, 90+2.

Дагъуэ къыхуащІащ Камышевым, Тебэрдым, Багъэтырым, Бажэм.

ПЕТЕРБУРГ и «Зенит-2»-р зэсэмахуэ Налшык къэкІуат 2016-2017 гъэхэм екІуэкІ зэхъэзэхуэм щызэхэта джэгуГъуи 8-м зыми къыщыхимыгъэщІауэ. ХьэщІэхэм а ехъулІэныгъэхэм адэкІи къыпащэну я мурадт икІи ар къайхъулІэным зы мащІэ дыдэщ иІэжар.

ЩІалэгъуалэ защІэкІэ зэхэгъэува петербургдэсхэм я командэр зи Іэпкъльэпкъыр зэрыубыдауэ ЛІыпІэ иува хэгъэрейхэм къаркІэ къызэрыпамылъыщнур нэрылъагъут. Абы къыхэжкІы «Зенит-2»-м тегъэщІэн ищІащ Іэзагъымрэ псынщІагъымрэ. Ар хэкІыпІэфІу къыщІэкІащ икІи Іэмал къаритащ джэгуПэ губгъуэм псынщІэу тепщэнгъэр щызэзыІэрагъэхьэну. Бжьигъэ ящэ къыззІэзыхьифыну щытари хьэщІэхэращ. Ди гъуэм кьеуа иужькІэ Антиповым къригъэзэща топыр Мильдзиховым Іэрыхьащ, арщхьэкІэ иужьрейм ар хуэгъэпсэкІуакъым. Мыгувэу апхуэдэ дыдэу Гугуевым къыщыщІащ.

Хэгъэрейхэр япэ иригъэщІифыну щытащ а махуэм сабий кьызыхуалъуа Войнов Денис. Арщхьэкіэ Бажэ Амир Іэзэу кьызыгъэжа топыр абы гуащІэм тригъэхуащ.

Апхуэдэурэ екІуэкІыурэ «Зенит-2»-м бжьигъэр кьызэІуихащ. Насып диІэти, судьям ар хибжакъым, кьыхэжаныкІам футбол хабзэр кьызэпиудауэ кьыпльытэр. Абы иужькІэщ налшыкдэсхэр ерыщу ипэкІэ щыІэутар, кьагурыІуауэ я къыщІэкІынущ я джэгукІэм фІы кьаззэрыхуимыхьынур.

Гъуэм хуэзэу ди щІалэхэр япэу щеджр 57-нэ дакъикъэращ. Багъэтыр Альберт жьыжьэу щыту хьэщІэхэм я гъуащхьэтетым и Іэзагъэщ здынэсыр кьипщытащ. 69-нэ дакъикъэм кьыхата япэ угловойми екъулІэныгъэ къахуихь пэтащ, арщхьэкІэ зымащІэ дыдэкІэ гъуэм хуэзащкым.

Адэкіэ хьэщІэхэм я чэзут. Абыхэм ІэмалыфІ зыбжанэ зыІэщІагъэкІащ.

Джэгур и кІэм нэблагъэхькІэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр нэхъ ерыщу ипэкІэ кІуатэрт. Абыхэми топджэгум ептыну къэкІуакэмри яужьэгуащ апхуэдэ зэрытемыгъэкІуэнныгъэр (джэгуГъуи 8-м ящыщу 5-р апхуэдэу иухат). Зы Іэмалым адрейр кьыкІэлъыкІуэу ди щІалэхэм Іэмал хъарзынэхэр кьахухьэкІырт. Псом нэхърэ нэхъ жьыджэрт етІуанэ Іыхьэм кьрагъэхьа Крамаренкэ Сергей. Джэгур ихуаэу кьыщІагъуа зэманым абы хуэзфІэкІащ бжьигъэр кьызэІуихыну. Бажэ Амир кьрита топыр ди гъуэщхьэхуымэнкъуэм кьаруушхуэкІэ гъуэм игъэкІащ. Ар текІуэныгъэт!

Япэ дивизионым зэсэмахуэ щыщхэзта адрей зэІущІэхэм кьахэгъэщцхьэхуІыпхъэщ Краснодар и «Кубань»-м япэ текІуэныгъэр зэрызыІэригъэхьар. Иджыблагъэ премьер-лигэм кьыдыхэта «Мордовия»-м Саранск щыІэу ар ефІэкІащ икІи иужь дыдэ увыпІэм кьыкІащ.

Мыгъэрей зэпеуэм япэу кьыщыкагъащІащ иджыри къэс етІуанэ увыпІэм щыта «Тосно»-р. И стадионым щыджэгуу абы «Енисей»-р кьытекІуащ.

Адэкіэ фыщыдгъэгъуэзэнщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и яп э дивизионым бэрэжьей махуэм щызэхэта зэІущІэ псоми кьарикІуа бжьигъэхэм: **«Тосно»** (Тосно) - **«Енисей»** (Красноярск) - **1:2**, **«Тамбов»** (Тамбов) - **«Тюмень»** (Тюмень) - **0:1**, **«Химки»** (Химки) - **«Сокол»** (Саратов) - **0:0**, **«Мордовия»** (Саранск) - **«Кубань»** (Краснодар) - **1:3**, **«Волгарь»** (Астрахань) - **«Нефтехимик»** (Нижнекамск) – **3:0**, **«СКА-Хабаровск»** (Хабаровск) - **«Шинник»** (Ярославль) - **0:0**, **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **«Балтика»** (Калининград) - **1:1**, **«Сибирь»** (Новосибирск) - **«Факел»** (Воронеж) - **1:1**.

«Динамо» (Мэзкуу) - «Спартак-2» (Мэзкуу) зэІущІэр нэхъ иужьыІуэкІэ зэхэтащ.

КъыкІэлъыкІуэ джэгуГъуэм «Спартак-Налшыкым» Урысей Федерацэм и кубокым щыщІэбэнынущ. Бэрэжьей кьакІуэ, щыщхьэуІум и 24-м, финалым и 1/32-нэ Іыхьэм Прогресс посёлкэм ар щыІущІэнщ «Биолог-Новокубанск»-м.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и яп э дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Динамо»	8	6	2	0	18-5	20
2. «Факел»	9	5	3	1	14-7	18
3. «Тосно»	9	5	3	1	12-7	18
4. «Зенит-2»	9	4	4	1	12-7	16
5. «Спартак-2»	8	4	2	2	13-10	14
6. «Волгарь»	9	4	1	4	10-11	13
7. «Шинник»	9	3	3	3	10-7	12
8. «Нефтехимик»	9	3	3	3	6-9	12
9. «Тюмень»	9	3	2	4	7-10	11
10. «Енисей»	9	3	2	4	5-10	11
11. «Сибирь»	9	2	5	2	7-7	11
12. «Спартак-Налшык»	9	2	5	2	5-5	11
13. «СКА-Хабаровск»	9	2	5	2	9-10	11
14. «Балтика»	9	2	4	3	5-6	10
15. «Тамбов»	9	2	4	3	7-9	10
16. «Кубань»	9	1	5	3	7-11	8
17. «Химки»	9	1	5	3	7-12	8
18. «Мордовия»	9	2	1	6	9-10	7
19. «Сокол»	9	1	4	4	9-12	7
20. «Луч-Энергия»	9	1	3	5	6-13	6

● ДифІ догъэлъапІэ

Махуэ къэс

Къэрал кІэуцІ Іуэхущхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм сыт щыгъуи гулъытэ хэха хуещІ и ветеранхэм, псом хуэмыдэу, Хэку зауэшхуэм хэтахэм.

ЛІЫГЪЭ хэлъу ди къэралыр фашист зэрыпхъуакІуэкъэм ящызыхъумахэм ящыщщ Соломатин Иван. Илъэс 94-рэ ГъащІэ гъэзуанэр кьызэпызыча офицерым пщІэрэ щІыхьэ иІэу Хэкум и пащхьэ щиІэ кьалэнхэр зэригъэззэщІам кьыпэкІуа дамыгъэхэр и куэдщ. Ветераныр зэрыгушхуэхэм ящыщщ «Хэку зауэ» орденым и яп э нагъыщэр, «И хахуагъэм папщІэ» медалитІыр, «Германием дыззрытекІуам папщІэ», «ЛэжьыгъэфІым папщІэ» медалхэр, нэгъуэщІхэри.

Абы и дежкІэ мыхьэншхуэ иІэщ, хэхауэ зэрыгушхуэщ «И лэжьыгъэм зэрыхуэпэжам папщІэ» медалыр. Ари гурыІуэгъуэщ. Иван и щІалэгъуэр щыгъэкІуар хабзэхъуэм я Іэнатіэрщ. Абы и нэІэм щІэтащ гъэр хъуа зауэлІхэм я лагерым и гарнизоныр. Ар ехэтащ гъэр хъуа зауэлІхэр зэрыса мафІэгуэр Румынием, Болгарием, Германием и Одер тет Франкфурт нэзыгъэсахэм. Совет Союзым гъуэгуанэ щыІэпичари кьыхуэфыжьыкъым.

Зи ныбжьыр хэкІуэта Соломатин Иван иджыпсту и закъэщ, и гъащІэ гъуэ Тоня дунейм ехыжащи. Зощхьэгъуэсэхэм бын яІакъым. Ауэ ар ящыгъупщэкъым и Іыхьлыхэм, социальнэ Іэнатіэм и гъыбакІуэхэр кьыкІоІэплъ. Псом хуэмыдэу Иван щогуфІыкІ, дэрэжагъуэ къ ет КъБР-м щыІэ МВД-м и лэжьакІуэхэр, абы и ветеранхэр щыхуэбгъэлагъэкІэ.

Соломатин Иваныр МВД-м и лэжьакІуэхэмрэ я зэІущІэр тхыдэм и дерсым хуокІуэ: и нэгу щІэкІахэм, щыхуэхэр зэрыпсэуа-зэрылэжьахэм я гугъу яхуещІыж. Иван и щІалэгъуэр щыгъэкІуар хабзэхъуэм щыщ гуэрхэр КъБР-мкІэ МВД-м и музейм тыгъэ хуещІ. Къащтэмэ, а музейм щІэлъщ Соломатин Иван и «ФЭД» суэтэт цІэрыІуэр. МВД-м и офицерым ар сыт щыгъуэ хъыздрихьэкІащ икІи абы и фІыгъэкІэ сурэт гъэщІэгъуэн куэд теха хъыщ, ахэр езыр щыпэжьа илъэсхэм я фэеплъ уасэншэщ. Нэхъыжьыр ядэгуэшащ и библиотекэм хэлъ тхыльхэмкІи, ахэр КъБР-м щыІэ МВД-м и Жылагъуэ библиотекэм щІалъхьащ.

Илъэс хэс а библиотекэм и гъэтІылъыгъэхэм кьахохъуэ ветеранхэм, республикэм щыпсэуахэм кьабгъэдэкІ художественнэ литературэ тІупщІ 100-хэр, абыхэм дихьэх щІэджыкІакІуэхэри нэхъыбэ мэхъу. Соломатин Иван тхьилъ 200 ирагащ Псыкуэ щыІэм дэт щІол библиотекэм. КъБР-мкІэ УФСИН-м Тезырхэр щрагъэпшын и колоние №3-м тхьилъ 150-рэ я Іэригъэхьащ.

УАРДЭ Жансурэт.

Соломатин Иван и деж хьэщІэхэр кьэкІуащ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и яп э къуэдзэ - жэуап зыхъ секретарь), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щырдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, Нэщ Іэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.**

Езыгъэтхэхэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-22-97; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжьигъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахъ. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуу зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтныигъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьэщ жэуап зыхъ секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня**, *редактору* **Уэрдокъуэ Женя**, *корректорхэру* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхъэзыращ.

Газетым Іэ традзэн ухуещІ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №1329